Өзбекстан Республикасы Жоқары ҳәм орта арнаўлы билимлендириў министрлиги

Қарақалпақ мәмлекетлик университети

*қол жазба ҳуқықында*

***АДИЛЬЧАЕВ КАМАЛ***

***РУСТЕМОВИЧтиң***

**«Аўыллық жерлерде жеке исбилерменлик имканиятларынан нәтийжели пайдаланыў жоллары»** темасындағы

5А340102- «Тараўлар экономикасы» қәнигелиги бойынша Экономика магистр дәрежесин алыў ушын таярланылған

# МАГИСТРЛИК ДИССЕРТАЦИЯСЫ

**Диссертация көрип шығылды ҳәм**
**жақлаўға усыныс етилди**
**«Экономика» кафедрасы баслығы:**
**__________ э.и.к., З.Балташева**
**«_____» _____________ 2013-жыл**

**Илимий басшы:**
**__________ э.и.д, проф. Қ.А. Чориев**

**Магистратура**
**факультети деканы** **доцент Гулимов А.**

**НӨКИС - 2013**

# М А З М У Н Ы


Аннотация 3

Кирисиў 4

**I Бап. Аўыллық жерлерде жеке исбилерменликти раўажландырыўдың териялық тийкарлары** 9

1.1. Аўыллық жерлерде жеке исбилерменликти раўажландырыў түсиниги ҳәм теориялық тийкарлары 9

1.2. Аўылда жеке исбилерменлик субъектлери жумысларын жетилистириўдиң экономикалық мазмуны ҳәм анықлаў жоллары 19

1.3. Базар экономикасы жағдайында исбилерменликтиң зәрүрлиги ҳәм әҳмийети 29

**II Бап. Аўылларда шаңарақлық исбилерменликти раўажландырыўды мәмлекетлик қоллап-қуўатлаўдың Өзбекстандағы өзгешеликлери** 41

2.1. Шаңарақлық исбилерменлик ҳаққында тийкарғы түсиник ҳәм пикирлер 41

2.2. «Беккем шаңарақ жылы» мәмлекетлик Дәстүриниң шаңарақлық исбилерменликти раўажландырыўдағы роли 46

2.3. Халықтың абаданлығын арттырыўда олардың бәнтлилигин тәмийинлеўдиң әҳмийети 53

**III Боб. Аўыл хожалығы экономикасын реформаластырыў-да сырт ел инвестицияларының орны** 59

3.1. Базар қатнасықлары жағдайында аўыл хожалығын реформаластырыўда сырт ел инвестицияларының зәрүрлиги ҳәм әҳмийети 59

3.2. Базар экономикасы шараятында аўыл хожалығын жүргизиў механизмин жетилистириў факторлары 70

3.3. Регионды социаллық-экономикалық раўажландырыўда шаңарақлық исбилерменликтиң әҳмийети 78

**Жуўмақлаў** 90

**Пайдаланылған әдебиятлар дизими** 93

**Ҳүжжетлер тиркемеси** 95

## Кирисиў

**Магистрлик диссертация темасының актуаллығы**. Өзбекстан Республикасы экономикасын раўажландырыўда аграрлық сектор үлкен әҳмийетке ийе болып табылады. 2010-жылда аўыл хожалығында мәмлекет жалпы ишки өниминиң 17,5% жаратылған болып, усы салада экономикада бәнт болған халықтың 3 млн адамға жақыны хызмет көрсетип келмекте[1] ҳәм сала мәмлекет экспортында салмақлы үлеске ийе есапланады. Тутынылып атырған ғәлле, овощ, картошка, бағшылық өнимлериниң көпшилик бөлеги миллий дийқаншылық өними болып, 2010-жылда өндирилген жалпы аўыл хожалығы өнимлериниң 56,7 проценттен көбиреги дийқаншылықтың үлесине туўры келеди[2].

Республикамыз дийқаншылық тараўын турақлы раўажландырыўда жеке исбилерменлик хызметлериниң әҳмийетли ролин инабатқа алып, мәмлекетимиз Президенти И.А.Каримов: «Нәўбеттеги ең артықмаш болған ўазыйпа – бул мәмлекетимизди молернизациялаў ҳәм халықтың бәнтлилигин арттырыўдың әҳмийетли факторы сыпатында өндирислик ҳәм социаллық инфраструктураны еледе раўажландырыўдан ибарат»[3] деп атап өтеди.

Елимизде аграр саланы модернизациялаў, аграр өнимлер ушын жаңа базарлар ашыў, миллий ҳәм сырт ел базарларындағы бәсекеге шыдамлылығын арттырыў, базар экономикасына сәйкес сала жеке исбилерменлик системасын белсене раўажландырыўды аңлатады. Жоқарыдағы жағдайлар магистрлик диссертация жумысының темасы актуаллығынан дерек береди.

**Теманың үйренилгенлик дәрежеси**. Мәмлекетимиздиң аграр саласында халықты жумыс пенен тәмийинлеў ҳәм жеке исбилерменликти раўажландырыў, турмыс хызметлерин көрсетиў системасы избе-из тәризде раўажланбақта. Аўыллық орынларда халықты жумыс пенен тәмийинлеў ҳәм жеке исбилерменликти раўажландырыўдың теориялық ҳәм әмелий тәреплери

---

[1] Өзбекстан Республикасы мәмлекетлик статистика комитети мағлыўматлары
[2] Өзбекстан Республикасы мәмлекетлик статистика комитети мағлыўматлары тийкарында есапланылған
[3] Каримов И.А. Дүнья жүзилик финанслық-экономикалық кризиси, Өзбекстан шараятында оны сапластырыўдың жоллары ҳәм илажлары. Т. «Өзбекстан» 2009 56 б, 48б.

дүнья жүзилик масштабтағы экономист илимпазлар А.А.Говорин, В.В.Власов, М.П.Комаров, Н.А.Нестров, П.Самуэльсонлар[4] илимий жумысларында изертленилген.

ҒМДА еллеринде базар экономикасына өтиў шараятында аўыл хожалығы өндирисин жоқарылатыў, аўылда жасаўшы халықты жумыс пенен тәмийинлеў ҳәм жеке исбилерменликти раўажландырыўдың халықты жумыс пенен тәмийинлеў ҳәм жеке исбилерменликти раўажландырыўдың әхмийети, мәниси, қурамы, топарларға бөлиниўи ҳәм раўажланыўын баҳалаў мәселелери В.П.Басенко, Я.В.Любимый, И.Г.Усачевке[5] усағанлардың илимий жумысларында үйренилген.

Өзбекстан Республикасы аўыллық жерлеринде халықты жумыс пенен тәмийинлеў ҳәм жеке исбилерменликти раўажландырыўдың теориялық ҳәм әмелий тәреплерин үйрениў бойынша И.А.Каримов, Р.Х.Ҳусанов, У.Х. Нигматжанов, Қ.А.Чориев, Б.Б.Беркинов, Т.Фарманов, Н.Хушматов, У.С.Муҳитдиноваға[6] усағанлар илимий изертлеў жумысларын алып барған. Сондай-ақ, аўыллық жерлерде жеке исбилерменликтиии жетилистириўдиң нәтийжелилигин арттырыў бағдарларында Қарақалпақстан Республикасында жасаўшы экономист илимпазлардан Ш.Тлеубергенов, Матекеев А.Қ, К.Юсупбаев, Убайдуллаев К., Умаров Е.К., Қ.С.Исмаилов, Б.Ж.Мырзаев, Р.Т.Адильчаев, Қ.Сейтимбетов, А.Мадиреимов, Б.Қалмуратов[7] ҳәм тағы басқалардың бир қанша илимий мийнетлери бағышланған.

Аўыллық жерлерде жеке исбилерменликти жетилистириў имканият-ларынан дурыс пайдаланыў ҳәм оларды раўажландырыў мәселелерине тийисли көп ғана илимий жумыслар исленгенлигине қарамай, оның мәниси, қурамы, ўазыйпалары, экономикадағы роли ҳаққында бирден-бир, анық улыўма қабыл етилген қатнасық қәлиплеспеген. Сондай-ақ, базар экономикасы шараятында республикамыз аўыллық жерлеринде жеке

[4] Говорин А.А., Власов В.В., Каримов И.А., Комаров М.П., Нестров Н.А., Самуэльсон П.
[5] Басенко В.П., Любимый Я.В.,.Усачев И.Г.
[6] Ҳусанов Р.Х., Нигматжанов У.Х., Чориев Қ.А., Беркинов Б.Б., Фарманов Т., Муҳитдинова У.С.
[7] Ш.Тлеубергенов, Матекеев А.Қ, К.Юсупбаев, Убайдуллаев К., Умаров Е.К., Қ.С.Исмаилов, Б.Ж.Мырзаев, Р.Т.Адильчаев, Қ.Сейтимбетов, А.Мадиреимов, Б.Қалмуратов

исбилерменликти жетилистириўдиң методологиялық тийкарлары ҳәм әмелий тәреплери комплекс сыпатында өз бетинше, арнаўлы изертлеў объекти сыпатында үйренилмеген. Жоқарыда келтирип өтилген пикирлерди инәбатқа алып, Қарақалпақстан Республикасы аўылларында жеке исбилерменлик саласын раўажландырыў машқалалары Магистрлик диссертация жумысының илимий изертлеў темасы сыпатында белгилеп алынды.

**Диссертация темасының илимий-изертлеў жумыслары режелери менен байланыслылығы**. Магистрлик диссертация жумысының темасы Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университетиниң илимий-изертлеў жумыслары режелери шеңберинде орынланды.

**Магистрлик диссертациясының мақсети.** Экономиканы модернизациялаў шараятында аўыллық жерлерде жеке исбилерменлик жетилистириў имканиятларын анықлаў, анализлеў ҳәм экономикалық әҳмийетлилигин арттырыў бойынша илимий ҳәм әмелий усыныслар ислеп шығыўдан ибарат.

**Магистрлик диссертация жумысының ўазыйпалары.** Магистрлик диссертация жумысының тийкарғы мақсетине ерисиў төмендеги ўазыйпаларды шешиўди талап етеди:

- аўыллық жерлерде жеке исбилерменликти раўажландырыўдың теориялық тийкарлары, экономикалық мазмуны ҳәм анықлаў жолларын классификациялаў;
- Қарақалпақстан Республикасы аўыл хожалығы өндирисинде жеке исбилерменликти раўажландырыў жолларын анықлаўда дәслепки ҳүжжетлерди топлаў, анализлеўди жетилистириў бойынша усыныслар ислеп шығыў;
- аўыл хожалығы секторын басқарыў системасын жетилистириў бойынша усыныслар ислеп шығыў;
- Қарақалпақстан Республикасы аўыллық жерлерде жеке исбилерменликти раўажландырыўдың бәнтлиликти тәмийинлеўдеги әҳмийетин арттырыў бойынша усыныслар ислеп шығыў.

**Магистрлик диссертация жумысының объекти.**

Қарақалпақстан Республикасында ҳәрекет етип атырған фермер хожалықлары, сондай-ақ, оның аўыллық жерлеринде жеке исбилерменлик ислерин әмелге асырып атырған субъектлер.

**Магистрлик диссертация жумысының предмети.** Фермер хожалықлары, жеке исбилерменлер бәсекиге шыдамлылығын қәлиплестириў ҳәм раўажландырыў менен байланыслы ҳуқықый, шөлкемлестириўшилик ҳәм экономикалық қатнасықлардан ибарат.

**Магистрлик диссертация жумысы илимий-изертлеў методлары.**

Магистрлик диссертация жумысын таярлаў процессинде индекслик, экономикалық-математикалық, анализлеў ҳәм синтезлеў, диалектикалық, салыстырыў, статистикалық, монография илимий-изертлеў методларынан кең пайдаланылды.

**Магистрлик диссертация жумысының илимий жаңалығы.**

Изертлеў жумысының илимий жаңалығы аўыл хожалығы өндирисинде инфраструктураның қәлиплесиўиниң теориялық тийкарлары ҳәм оны анықлаў усылларын жетилистириў бойынша усыныслар ислеп шығыў, аўыл хожалығында өндирислик мүмкиншиликлер резервлерин анықлаў, олардың қәлиплесиўине тәсир етиўши факторлардан ақылға муўапық пайдаланыў илажлары бойына әмелий усыныслар таярлаў.

**Магистрлик диссертация жумысы бойынша изертлеў нәтийжелериниң илимий-әмелий әҳмийетлилиги**. Магистрлик диссертация жумысында ислеп шығылған әмелий усыныслар ҳәм пикирлер аўыллық жерлердеги районларда жеке исбилерменлик жумысларын раўажландырыўға байланыслы жобаларды ҳәм фермер хожалықларының бизнес режелерин таярлаўда пайдаланыў мүмкинлиги изертлеў нәтийжелериниң әмелий әҳмийетлилигин белгилеп береди.

**Магистрлик диссертация жумысы бойынша илимий-изертлеў нәтийжелериниң жәрияланылғанлық ҳәм сынаўдан өтиўи дәрежеси**. Магистрлик диссертация жумысы бойынша илимий-изертлеў нәтийжелери Қарақалпақстан Республикасы фермер хожалықлары бирлеспесинде (2013-

жыл 22-май күни дүзилген дәлалатнама), сондай-ақ, Өзбекстан Республикасы Саўда-санаат палатасы ҚР бөлимине тийисли мәкемелер, исбилерменлер әмелий жумысларына өндириске енгизилди (2013-жыл 15-май күни дүзилген дәлалатнама) ҳәм Магистрлик диссертация жумысының темасы бойынша жумыс нәтийжелери 3 илимий мақала («Фермер хожалықлары ҳәм шериклес киши кәрханалар» «Еркин Қарақалпақстан» газетасы 24.10.2006, Роль лидерства и руководства в бизнесе Москва, «Современные гуманитарные исследования», №3 2009 г., «Иқтисодий ислоҳотларни такомиллаштиришда кичик бизнес ва ҳусусий тадбиркорликнинг аҳамияти», «Ўзбекистон қишлоқ хўжалиги» журнали 2012 йил №5 сон) ҳәм бир неше баянат тезислеринде («Қишлоқ хўжалиги ерлари унумдорлигини очириш маммолари» «Ер ва сув ресурсларидан фойдаланишда бозор муносабатларини шакллантиришнинг иқтисодий маammолари» ТИИМ Республика илмий-амалий анжумани материаллари тўплами I-том, 23-24 ноябр 2007, Тошкент, «Аўыл хожалығында исбилерменликти раўажландырыў ҳәм оны мәмлекет тәрепинен қоллап-қуўатлаў жағдайлары» ҚДУ Ижтимоий-иқтисод факультети профессор ўқитувчилари ва талабаларининг республика илмий-назарий анжумани мақолалари тўплами, Нукус-билим 2012, 20-21 апрел, «SHan’araqli’q biznesin rawajlandi’ri’wdi’ ma’mleketlik qollap-quwatlawdi’n’ O’zbekstan Respublikasi’ndag’i’ o’zgeshelikleri» QMU Sotsiyal-ekonomikali’q fakulteti professor-oqi’ti’wshi’lari’ ha’m studentlerinin’ respublikali’q ilimiy-teoriyali’q konferentsiya materiallari’ toplami’, No’kis 2012, 20-dekabr) жәрияланылды.

**Магистрлик диссертация жумысының дүзилиси ҳәм көлеми**. Магистрлик диссертация тийкарынан кирисиў, жуўмақлаў, тийкарғы үш бап, пайдаланылған әдебиятлр дизими, сондай-ақ, 6 кесте, 2 суўрет ҳәм 5 диаграммадан ибарат болып, Магистрлик диссертация жумысы текстиниң улыўма көлеми 82 бетти қурайды.

## I-бап. Исбилерменликти раўажландырыў ҳәм оны басқарыўдың теориялық тийкарлары

### 1.1. Киши бизнес ҳәм жеке исбилерменликтиң мәниси, түрлери ҳәм өзгешеликлери

Дүнья жүзилик финанслық-экономикалық кризиси шараятында экономиканың ҳәмме салаларында базар қатнасықларын раўажландырып барыўды, мүликшилик формалары ҳәм хожалық жүргизиўдиң усыллары ҳәм әмеллериниң ҳәр түрли болыўына ерисиўди, экономиканы турақласқан ҳалға келтириўди, сырт ел капиталларын енгизиўди кеңейтириўди, ҳәм ишки базарда, ҳәм басқа республикалар қала берсе сырт еллер менен болатуғын алмасыўдың эквивалентлигин тәмийинлеўди нәзерде тутады. Қулласы, реформалардың хәзирги дәўиринде шешилиўи тийис болған ўазыйпалар шешилиўи лазым болған машқалалар бир қанша болып есапланады.

Ҳәр қандай мәмлекетте Нызамлар, Пәрманлар ҳәм басқа ҳүжжетлер белгили бағдарға, тәрепке қаратылған болып, тийкарынан өндирислик, илимий-техникалық ҳәм ақыл-зейинлилик саласындағы бар болған имкәниятларын кеңейтириў, сондай-ақ, олардан нәтийжелирек пайдаланыў, инсанлардың экономикалық ҳәм социаллық аҳўалын жақсылаў, Республиканы дүньяның раўажланған еллери қатарына алып шығыў мақсетин нәзерде тутады. Бирақ, олар қаншелли дәрежеде пукта ойлап қабыл етилген болсада әмелий ис-ҳәрекетлериниң тек ҳуқықый тийкары, негизи ғана болып қалады. Президентимиздиң сөзлери менен айтқанымызда, олардың өзлери өз алдына инсанлар болып есапланады, басқарыў органлары, түрли институтлар орынлай алатуғын ямаса орынлаўы керек болған нәрселерди әмелге асыра алмайды.

Мүликшилик, исбилерменлик ҳәм улыўма экономиканың жеке секторын раўажландырыў оны беккемлеп барыў ҳаққында сөз жүргизилер екен, базардың адам не қәлесе, соны ислейтуғын, нызамлық-қәделери болмаған орын емеслигин анализлеп атап өтиўимиз керек. Соның ушын жумыслардың барлық салалары ҳәм түрлеринде тек ғана бир хожайын - базардың өзи

болыўы керек, не қылса базардың өзи қылады, оған мәмлекет ҳеш қашан араласпайтуғынлығы, яғный араласпаўы керек деген пикир оншелли дурыс емес. Базар экономикасы раўажланған мәмлекетлердиң ҳәммеси хожалык жүргизиў ҳәм базар механизмин мәмлекетлик жол менен басқарып барыў арқалы нәтийжелиликке ерискен. Базар бүгинги күнде ҳәр канша әҳмийетли болмасын, тиришиликке тийисли базы мәселелерди мәмлекеттиң араласыўларысыз шешип балмайды.

Шығарылған нызам ҳәм қәделерди ҳәзирги шараятта ҳәмме билетуғынлығыда рәўшан, оларға ҳәммениң бағыныўы тийис екенлиги жүдә әҳмийетли болып табылады. Нызамларды билмеслик, түсинбеслик ямаса олардың талапларын орынламаў адамды жуўапкершиликтен азат етпейди. Сол мунәсибет пенен адамларға нызам ҳәмде хуқықый-тәрбиялық тийкарларын үретиў базар қатнасықларын ҳәм улыўма миллий экономиканы раўажландырыўда үлкен ролди ойнайды. Бул нәрсе исбилерменлик пенен, бизнес пенен шуғылланыўы, өз капиталын көбейтип барыўды қәлеўши адамлар ушын әсиресе әҳмийетли болып табылады.

Ақырғы нәтийжеде, мүлик өзиниң ҳақыйқый ийесин, хожайинин таўып алатуғын болыўы ушын мәмлекеттиң ийгилигинен шығарыў ҳәм меншиклестириў процессин жанландырыў ҳәм тезлестириў зәрүр. Бул орында мәмлекет ийелигинен шығарыў ҳәм меншиклестириў процессларин тереңлестириўге тийисли болған мәмлекетлик дәстүри, сондай-ақ Өзбекстан Республикасы Президентиниң “Өзбекстан Республикасында мәмлекеттиң ийелигинен шығарыў ҳәм меншиклестириў процессин жәнеде раўажландырыўдың артықмаш бағдарлары ҳаққында”ғы 1994-жыл 15-мартта шығарған Пәрманы ҳәм усы Пәрманды орынлаў бойынша ҳүкиметимиз тәрепинен ислеп шығылған иләжлар жүдә үлкен әҳмийетке ийе.

Ҳәммемизге мәлим, бир мүлик ийеси (усындай ҳалда мәмлекеттиң) жеке ҳәкимшилигине байланыслы, жақсы монопол аҳўалда сақланып қалғанында базар қатнасықлары толық рәуиште раўажланып бара алмайды. Лийкин мәмлекет мүликин барлық пукараларға «бөлистирип бериў» де ҳәмме дәртке

даўа бола алмайды. Дүнья жүзи тәжрийбесинен белгили болғанындай, национализация қылыў (жеке мүликти мәмлекетлик мүликке айландырыў) бунның терис көриниси болған процесс - меншиклестириў процессине аңсатырақ көшеди, әсиресе, гәп ири индустриял кәрханалары, халық хожалығының қурәмелы объектлери ҳаққында баратырған болса. Бу орында киши меншиклестириўдиң сынаўларынан өткен механизми ҳәмийше кеўилдегидей нәтийже беребермеслиги мүмкин. Яғный рамзий ҳалдағыдай етип айтқанымызда, адам меншиклестириўдиң "түнин" үлкен меншиклестириў - ири индустриал кәрханалар ҳәм объектлерин меншиклестириў "желкесине" таслап балмайды.

Бизиң шараятымызда усы машқаланың шешимин көп ғана мәмлекет кәрханалары базасында акционерлик жәмийетлери, усының менен бирге ашық түрдеги жәмийетлерди пайда етиўде деп биледи. Бул пикир әсиресе сырт еллерде, биринши нәўбетте нени өндириў керек деген мәселе емес, ал өндирилип атырған нәрсени қалайынша сатыў керек деген мәселе әҳмийетли болып турған мәмлекетлерде, әлбетте жасаўға уқыплы болып табылады. Бизиң әмелиятымызда болса қәнигелердиң пикирине қарағанда, пайда ҳәм басқа байлықларға "бийганаларды" жолдас қылмаслық ушын кәрханалардың ашық түрдегиден көре көбирек жабық түрдеги акционерлик жәмийетлерин дүзиўге бейим екенлиги бақланылмақта.

Мүликти демократластырыўдың бир формасы сыпатындағы акционерлестириў стратегиясын қоллап-қуўатлап сөйлесилер екен, акционерлердиң кең масса қолына тийетуғын болыўын тәмийинлеў зәрүр. Лийкин бул орында "акцияларды сатып алың, сонда байып кетесиз" дегенде уқсас реклама сөзлери болыўын нәзерде тутып атырғанымыз жоқ. Гәп акцияларға ийе болыўда ҳақыйқаттан ҳәм халықтың кең түрде қатнасыўы, акционерлер ҳәм акция ийелериниң тийисли басқарыў органлары тәрепинен ҳақыйқый қадағаланып барыўи негизинде көретуғын нақ пайдалары ҳаққында бармақта.

Экономикалық раўажланыў ҳәм абаданшылық айырым адамлар, айырым структуралар ҳәм институтларға байланыслы ўазыйпа балмай, ал пүткиллей жәмийетке байланыслы ўазыйпа екенлигин умытыў жарамайды. Усы шынжырда колға киргизилген табыслар да, жол қойылған кемшиликлер де реформалардың ақырғы нәтийжесине әлбетте тәсир өткизеди. Соның ушын экономикалық раўажланыў ҳәм абаданшылыққа қарай бәрше бир жағадан бас шығарып, ҳадал ҳәм жоқары өнимдарлы мийнет етип мудамы жаңалыққа ҳәм алдыңғы қатарға умтылып, батыллық пенен қәдем таслап барыўы керек. Заманда, ҳәзирги турмыстың өзиде әне усыны талап етеди.

Бүгинги күнде дүнья практикасында исбилерменликти шөлкемлестириўдиң ең әпиўайы түри жеке исбилерменлик есапланады.

Жеке исбилерменлик-хожалық жүритиўдиң сондай шөлкемлестириў-шилик-ҳуқықый түри, онда мүлик ийеси бир шахс ямаса шаңарақ олады ҳәм хызметинен келген дәраматтың ҳәммесине ийелик етеди, қала берсе бизнестеги қәўип-қәтер ҳәм тәўекелшилик ушын жеке өзи жуўапкер болады.

Исбилерменликтиң бундай түри усақлап сатыўда, улыўма аўқатланыў тараўында, мәсләҳәт тараўындағы бизнесте, фермершиликде, медициналық әмелиятта ҳәм өнерментшиликте көбирек ушырайды. Ол еки түрли көринисте шөлкемлестирилиўи мүмкин: а) индивидуал-яғный кәрхана дүзбестен ҳәм б) жеке кәрхана-яғный юридикалық шахс шөлкемлестирген жағдайда.

Жолдаслық- бул еки ҳәм оннан да көп шахстың мүликин улыўма мәпин көзлеўши мақсетлердеги исбилерменлик ҳәрекетин улыўмаластырып бирлесиў. Бул шәртнама тийкарында шөлкемлестириледи, оның қатнасыўшылары дәслеп өзиниң ҳәм басқа ағзаларының мәпин көзлеп ҳәрекет етеди.

Өзлериниң хызмети мақсети бойынша киши кәрханалар ири кәрханалардан ажыралмайды. Лекин, әмелият соны көрсетеди, онша үлкен болмаған кәрханалар жәмийетте әҳмийетли социаллық-экономикалық роль ойнаса да, олар базар шараятына шыдамлы емес. Соның ушын, киши

кәрханалар, мәмлекеттиң қоллап-қуўатланыўына зәрүр. Усы жағдайды есапқа алып, барлық мәмлекетлер киши кәрханаларды ири кәрханалардан ажыратыў ушын белгили көрсеткишлерден пайдаланады ҳәм оларды нызамлы ҳүжжетлерде банкрот болыўдан қорғайды.

Өзбекстан Республикасы нызамларына қарай киши кәрханалар оларда ислеўшилердиң санына қарай ажыратылады. Киши кәрханаларға, төмендеги жаңа раўажланып атырған ҳәм әмелдеги кәрханалар киреди:

- санаатта ҳәм қурылыста- 50 адамға шекем;
- илимий хызметте- 10 адамға шекем;
- аўыл хожалығы ҳәм басқа ислеп шығарыў тараўларында- 25 адамға шекем;
- ислеп шығармайтуғын тараўларда- 10 адамға шекем;
- усақлап сатыўда- 5 адамға шекем хызметкери болған кәрханалар.

Қоспа кәрханалар- бул еки ямаса оннан да көп юридикалық шахс, яғный кәрханалар мүликин қосыў жолы менен ашылған кәрханалар есапланады. Лекин, әмелиятта хожалық субъектлериниң сырт ел шериклери менен биргеликте ашылған кәрханаларды ғана қоспа кәрханалар деп айтылмақта. Бул кәрханалар мәмлекетимизге сырт ел технология, басқарыў тәжирийбеси ҳәм қосымша финанслық ресурсларды (инвестицияларды) алып киреди ҳәм экспортты көбейтиўге мүмкиншилик береди.

Қоспа кәрхана хожалық жүритиў субъекти есапланады ҳәм хызмети дәрамат алыўға бағдарланған болып қайсы мәмлекет регионында ашылған болса, сол мәмлекет нызамлары тийкарында хызмет көрсетеди ҳәм салық төлейди. Егер устав капиталында сырт ел инвесторының үлеси 30% тен артық болса ҳәм нызам менен орнатылған нызам капиталының түрлениў шәртине әмел қылса, олар ушын салық бойынша қосымша жеңилликлер болады.

Жәмәәт кәрханасы-бул сондай хожалық түри, бунда барлық мүлик ҳәм алынатуғын пайда оның мийнет жәмәәтине тийисли болады. Ол төмендегише шөлкемлестирилиўи мүмкин:

- мийнет жәмәәти тәрепинен мәмлекет мүликин сатып алыў жолы менен;
- онша үлкен болмаған мәмлекет кәрханаларын жәмәәт кәрханаларына айландырыў жолы менен;
- физикалық ҳәм юридикалық шахслар мүликин иқтыярий түрде бирлестириў жолы менен;
- мәмлекет кәрханалары мүликин (қайтарып бермеў шәрти менен) мийнет жәмәәтлерине бериў жолы менен.

Жәмәәт кәрханаларының абзаллықлары: жәмәәт мийнетиндеги өсип барыўшы жаңалыққа интилиў ҳәм жарысыў, өз-ара жәрдем ҳәм бирдейлик. Бул кәрхана толық ғәрезсиз болып, ол беганалардың араласыўысыз өзи ислеп шығарған ҳәм сататуғын өнимине, орынлайтуғын жумысына ҳәм көрсететуғын хызметине болған талап тийкарында өз хызметин режелестиреди, келешек раўажланыўын ҳәм кәрхананың ислеп шығарыўын, социаллық раўажланыўын өзинде, мийнет етиўшилердиң жеке дәраматларын қандай асырыўды өзи ғәрезсиз белгилейди. Жәмәәт кәрханасының ҳәр бир ислеўшисиниң жеке үлеси оның орынланатуғын мийнетине қарай белгиленеди. Жәмәәт кәрханалардың кемшилиги: топарлық эгоизм қәўипи, жыйналған жамғарма муғдарына путур жеткизип, тутыныўды асырыўда интилиў.

Акционерлик жәмийет- бул физикалық шахслар капиталларының бирлесиўи болып, ол акциялар шығарыў жолы менен пайда болады. Акциялар фонд биржаларында айланыста болады-бир шахстан екиншисине еркин өтеди ҳәм акционер ушын оның үлеси ҳаққындағы ҳүжжети есапланады.

Акционерлик жәмийет сондай хожалық жәмийети есапланады, оның нызам фонды жәмийеттиң номинал қунын белгили акциялар санына қарай бөлистирилген болады ҳәм бул фонд усы акцияларды сатыўы арқалы түрленеди: ашық ҳәм жабық түрдеги акционерлик жәмийетлер.

Барлық жәмәәт кәрханалары ушын (жууапкершилиги шекленген, қосымша жууапкершиликли ҳәм акционерлик жәмийетлери) төмендеги улыўма жағдайлары бар:

- нызам капиталының тийисли бөлеклерге ямаса акцияларға мәжбүрий бөлиниўи;
- жәмийеттиң өз мәжбүриятлары бойынша тек өзиниң мүлики бойынша шекленген жууапкершилиги;
- шериклер арасындағы өз-ара қатнасықлар, дәрамат ҳәм мүликти бөлистириў, кәрхананы басқарыў бойынша қатнасықлар олардың киритken үлеслери муғдарына қарай бөлинеди;
- жәмийет ааґзалары оның капиталына өз үлеслерин киритиўлер зәрүр, лекин өз мийнетлери менен оның хызметинде қатнасыўы мәжбүрий емес.

Фирма-товар ислеп шығарыў ямаса хызмет көрсетиў мақсетинде экономикалық ресурсларды ислетиўши шөлкем есапланады. Киши бизнесте фирмалар әдетте жоқары технологиялық ислеп шығарыўды раўажландырыў менен бәнт. Олардың хожалық хызметин басқарыў стратегиясы төртке бөлинеди:

Бириншиден- раўажланып атырған ҳәм жоқары технологияға ийе болған фирмалар бәсекиге қызықпайды, соның ушын олар тар қәнигелестирилген өнимлер ислеп шығарып, базардың жоқары дәраматлы бөлимин ийелеўге интиледи. Екиншиден- фирмалар қәлеген усыл ҳәм ресурслар менен өз қәрежетлерин кемейтириўге интиледи. :шиншиден, киши фирмалардың көпшилиги ислеп шығарыўды бир өним ямаса технология әтирапында уйымластырады. Олардың ўазыйпасы бул өнимлерди тутыныўшылардың өзине сай зәрүрликлерине масластырыўдан ибарат болады. Төртиншиден, барлық фирмалар илажы барынша басқаның капиталын кемирек жалп етиўге, өзлериниң ғәрезсизлигин сақлап қалыўға ҳәрекет етеди.

Корпорация- бул улыўма кәсиплик мәплер тийкарында бирлескен шахслар жәмийети, бирлеспеси. Корпорациялардың тийкарғы ўазыйпалары:

- базар конъюнктурасын үйрениў ҳәм ҳәрекет стратегиясын анықлаў;
- илимий техниклық раўажланыў дәстүрлерин әмелге асырыў арқалы ерисилген илимий-техникалық раўажланыў нәтийжелерин ислеп шығарыў;
- ресурсларды ҳәм корпорацияның хожалықлар аралық кәрханаларында ислеп шығарылған өнимлерди орайластырылған жағдайда бөлистириў ҳәм өзиниң жеке коммерциялық бөлимлери арқалы тарқатыў;
- хожалық механизмин жеделлестириў ҳәм басқалар.

Холдинг - бул мүлик ийелери тәрепинен бир қанша ғәрезсиз акционерлик жәмийетлери хызметин қадағалаў мақсетинде шөлкемлестирилетуғын жәмийет. Холдинг ямаса бас холдинг компаниясы өзиниң шуба кәрханалары акцияларын қадағалаў пакетлерин өзинде жәмлеў жолы менен финанс капиталын топлайды. Акциялардан алынатуғын дивиденлер оның тийкарғы дәраматы есапланады. Холдинглер мәмлекетке қараслы ямаса жеке болыўы мүмкин. Мәмлекет холдингте акцияларды қадағалаў пакети мәмлекетке тийисли болады. Холдинг компаниялар финанслық ҳәм аралас холдинг болып екиге бөлинеди. Финанслық холдинг- тийкарынан қадағалаў басқарыў ўазыйпасын атқарады, аралас холдинг- ҳәр қыйлы хожалық хызметин ҳәм саўда-сатық пенен шуғылланады.

Офф-шор компаниясы- бул жеңилликли салық төлеў регионында пайда болатуғын кәрхана болып, ол дизимге алынған жерде турақлы турмайтуғын шахсларға тийисли. Көплеген мәмлекетлерде сырт ел инвестицияларын көбирек тартыў мақсетинде киритилген аманатлар ҳаққындағы информацияның нызамшылық ямаса дәстүрлик кепилликлер жолы менен конфиденциаллығын тәмийинлеўши ҳәм бир қатар жеңилликлер бериў системасы пайда болып, бул система сырт ел исбилерменлерине олардың исбилерменлик хызметин усы мәмлекет регионында алып барыў шәрти менен ашылады.

Офф-шор компаниясының салық төлеў тартибине тәсир көрсетиўши тийкарғы шәрт бул оның резидент ҳәм резидент емесликте. Бунда нәзерде тутылып атырған нәрсе басқарыў мекемелериниң, оның дизимнен өткен регионына қарай, орманда жайласқан жайы есапланады. Резидент емеслик компаниялардың резидентлик компаниялардан айырмашылығы, олар өзлери жайласқан регионнан тысқары турып басқарылады. Резидентлик емес компаниялар әмелде жергиликли салық төлеў системасынан пүткиллей шығарылады. Усы сыяқлы компаниялардың өзлери дизимнен өткен жерде өзине тийисли офиси болыўы шәрт емес, базы бир мәмлекетлерде болса бухгалтериялық ҳүжжетлерин алып барыўдан ҳәм акционерлер реестрин жүритиўден де азат етилген. Бул жағдайда корреспонденцияларды қайта ислеў ҳәм жыллық финанслық есабатларды таярлаў мәжбүриятларын арнаўлы фирмалар мойнына жүкленеди. Компанияның ийеси жер шарының басқа точкасында турып-ақ басқара береди. Компанияның финанслық хызметинде валюта бойынша шеклениўлердиң болмағаны себепли алынған дәрамат қәлеген түрдеги валютада еркин алып шығып кетилиўи мүмкин.

Консалтинг- бул ислеп шығарыўға ис жүзинен хызмет көрсетиў тараўында қәнигелестирилген фирмалардың өз клиентлерине мәсләҳәт хызметин көрсетиў ҳәм техникалық проектлерди экспертиза етиў менен байланыслы экономикалық хызмет есапланады. Бундай бирлеспелердиң тийкарғы ўазыйпасы төмендегилерден ибарат:

- бир ғана информация-сораўнама фондын жаратыў ҳәм реклама стратегиясын әмелге асырыў жолы менен олардың ағзалары хызметин улыўма мақсетлер жолында жәмлеў;
- мәсләҳәтшилик шөлкемлерин раўажланыўына ҳәм сырт ел инвестицияларды тартыўға жәрдемлесиў;
- исбилерменлик хызметин әмелге асырыў ушын шериклер таңлаў.

Экономикалық раўажланыў ҳәм абаданшылық айырым адамлар, айырым структуралар ҳәм институтларға байланыслы ўазыйпа балмай, ал пүткиллей жәмийетке байланыслы ўазыйпа екенлигин умытыў жарамайды. Усы

шынжырда колға киргизилген табыслар да, жол қойылған кемшиликлер де реформалардың ақырғы нәтийжесине әлбетте тәсир өткизеди. Соның ушын экономикалық раўажланыў ҳәм абаданшылыққа қарай бәрше бир жағадан бас шығарып, ҳадал ҳәм жоқары өнимдарлы мийнет етип мудамы жаңалыққа ҳәм алдыңғы қатарға умтылып, батыллық пенен қәдем таслап барыўы керек. Ҳәзирги заманда, ҳәзирги турмыстың өзиде әне усыны талап етеди.

Мәмлекетимизде жумысшы күши бәнтлиги ҳәм халық дәраматларын арттырыўда ири кәрханалардан үйге алып ислеў ҳәмде жеке жәрдемши ҳәм дийқан хожалықларында қарамал бағыў салаларының әҳмийети жылдан-жылға күшейип бармақта.

Зәрүрлилик туўылса консалтинг бирлеспелери киши бизнес кәрхана баслықлары ҳәм хызметкерлериниң қәнигелигин асырыў ислерин шөлкемлестириўи де мүмкин.

## 1.2. Аўыллық жерлерде жеке исбилерменлик субъектлери жумысларын жетилистириўдиң экономикалық мазмуны ҳәм анықлаў жоллары

Исбилерменлик - адамлардың пайда алыў мақсетинде жеке басламалары негизинде әмелге асырылатуғын ғәрезсиз жумыслары болып табылады. Оның негизинде адамлардың жәмийетте анық бир мәртебеге ерисиў ҳәмде өзиниң социаллық ҳәм материаллық мүтәжлиликлерин қанаатландырыў мақсетинде өз имкәниятларын әмелге асырыў ушын умтылыўлары жатады.

Жоқарыда исбилерменликкеа берилген қысқа характеристика мақсетке муўапык емес. Бизге мәлим болғанындай, адамлардың урлық, рэкет, алдаўшылыққа усаған бир қатар орынсыз "инициативалылық ҳәрекетлериде пайда алыўға" қаратылған. Соның ушын исбилерменликке толығырық анықлама бериў мақсетке муўапык болып табылады.

Исбилерменлик - бу адамларды пайда алыў мақсетинде жәмийеттиң мораллық қәделери ҳәм әмелдеги Нызамлары шеңберинде товарлар өндириси ҳәм хызмет көрсетиўден ибәрат инициативалылық жумысы есапланады.

Жәмийетке ҳәм адамларға зиян жеткизетуғын исбилерменлик түрлери шеклеп ҳәм кадаған етип қойылады.

Исбилерменлик жумысы төмендегилерди өз ишине алады:

- исбилермен өндиристи жүргизиўи ҳәм пайда алып сатыўы мүмкин болған товарлар ҳәмде хызметлерди излеў;
- товарлар өндириў ҳәм хызмет көрсетиў ушын өндиристи шөлкемлестириў;
- товарларды таярлаў;
- өз товарлары ҳәм хызметлерин сатыў.

Исбилерменлик пайда келтириўи ушын жәмийет ҳәм адамларды бар болған ҳәм анық талапларын қанаатландыра алатуғын товарлар ҳәм хызметлерди жаратыўы лазым.

Исбилерменликке сәйкес болған өзгешеликлер төмендегилерден ибарат:

- ис ҳәрекетлерин көрсетиў саласын таңлаўда жеке баслама көрсетиў;

- жумыстың нәтийжелери ушын жеке жуўапкершилик;
- нәтийжени тутыныўшылар талабын қанаатландырыўға байланыслылығы.

Исбилерменлик жумысында экономикалық нәтийжелиликке ең дәслеп төмендегилер есабынан ерисиледи:

1. Талап етилип атырған товарлар ҳәм хызметлердиң өндириси.
2. Талапты өзгериўине тезде ийкемлесиў.
3. Илимий-техникалық раўажланыў жетискенликлери ҳәм жаңа имкәниятларға тез арада ийкемлесиў.
4. Қосымша қарежетлер муғдарын кемейтиў.
5. Мийнет нәтийжелеринен жеке мәпдарлық.

Исбилерменлик жаңа товарлар, жаңа хызмет түрлери, сарыпланылған қарежетлерин кемейтиўши жаңа технологияны жаратыўға ҳәрекет етиў, жаңа рекламалар ойлап табыў ҳә т.б. менен байланыслы болып табылады. Қысқа етип айтқанда исбилерменлик, жаңалықлар, жаңа усыллар, жаңа жетискенликлерди енгизиў менен тығыз байланыслы.

Исбилерменлик исбилерменге жәмийетке пайда келтирген ҳалда, тутыныўшылар талабын қанаатландырыў ушын өз имкәниятларын әмелге асырыў мүмкиншилигин береди.

Исбилерменлик экономикалық ҳәм социаллық жақтан еркин адамлар жумысларыына тийкарланады, солай екен исбилерменликти раўажландырыў жәмийетти демократизацияласыўына алып келеди. Гүман жоқ (аттан-анық) исбилерменлик партиясының басшылық етиў роли экономиканың административлик-буйрықпазлық усылларына сәйкес келмейди.

Исбилерменлик товар ислеп шығарыўшыны өз мийнетине жеке жуўапкершилигин билдирип, оған урлық етиў, тәртипсизлик туўры келмейди, демае ол жәмийетти руўхый жақтан жетилистириўге алып келеди.

Исбилерменлик жеке ҳәкимликти сығып шығарады, товар өндириўшилер ортасында бәсекениң пайда болыўына алып келеди ҳәм буның менен өндиристи шөлкемлестириў, илим, техника, технологияны

раўажландырыўға, ҳәмде өндирислик шығынларды кемейтиўге ҳәм өнимниң сапасын жақсылаўға имкәният туўдырады.

Исбилерменликти раўажландырыў жаңа жумыс орынларын шөлкемлестириў ҳәм халықты жумыс пенен тәмийинлеўга имкәният жаратып береди.

Исбилерменлик халық ортасындағы социаллық әменгерсизлик, ғайратсызлық, биреўдиң бағыўында болыў, ҳарамтамақлыққа усаған қәсийеттегилерге төтепки береди.

Исбилерменлик адамларға туўрылық, алдаўшылық ҳәм басқада Нызамға қайшы келетуғын жоллар менен емес, ал ҳадал мийнет етиў арқалы турмыс дәрежесин көтериўге ҳәм материаллық абаданшылықты жетилистириўге тийкар жаратып береди. Исбилерменлик усы саладағы барлық ислеўшилер, жалланба жумысшылар ҳәм жәмийетти тәжирийбе ҳәм билимлерин асырыў мүмкиншилигин береди.

Исбилерменлик бул:

- инсанларды еркин, қызығарлы, мақсетли ҳәм пайдалы мийнет арқалы мүтәжлилигин қанаатландырыў;
- жәмийет мүтәжлилигин қанаатландырыў ҳәм қытшылыққа төтепки бериў;
- жаңа жумыс орынларын шөлкемлестириў;
- илим ҳәм техника жетискенликлеринен тезлик пенен пайдаланыў;
- жәмийет ҳәм адамларды байытыў дәреги;
- жәмийетти демократиялык раўажландырыў ҳәм руўқый саўалландырыў тийкары.

Базар - товар өндириўшилерди пайда алыўдан мәпдар етиў негизинде халық хожалығында нәтийжели жумыс алып барыўын тәмийинлейтуғын экономикалық қатнасықлар системасы болып табылады. Оны товарлар, капиталлар, жумысшы күши, турақ жайлар, технологиялар ҳәм басқалардың саўда-сатығы арқалы өндиристиң тутыныў менен, өним өндириўшилердиң бир-бири менен, жәмийетлик өндиристиң бәрше буўынлары ҳәм хожалық

жумысының бәрше түрлери менен байланысыў формасы депте есаплаў мүмкин. Тар мәнисинде алынғанында, базар товарлар тиккелей айланыста болатуғын, ақшалар товарларға ҳәм товарлар ақшаларға алмастырылатуғын орын болып есапланады.

Исбилерменлик пенен бизнестиң өмир ушын әҳмийетлигин атап өтиў керек. Сөз исбилерменлик пенен бизнести экономиканың тийкары деп билетуғын адамлар үстинде бармақта.ғқүўҳәңө

Бурынғы Аўқамның ҳәмме аймақларында болғанындай, 70-жылға қарағанда көбирек мүддетке үзилип қалған исбилерменлик жумысы Өзбекстанда ҳәм өзиниң бир қанша бай тарийқына ийе. Усы әсирдиң басларында ҳәм оннан бираз илгерги заманларда исбилерменлик пенен бизнес, бул жумыслар бәлким усы сөзлер менен белгиленилмеген болсада, бираз кең дәстүр әдет болған ҳәм тийкарынан базарларда ҳәмде кәрўан сарайларында алып барылатуғын еди, бунық еркин мысалы «Уллы жипек жолы» болып есапланады. Лийкин сол заманлардағы исбилерменлик тәбияты ҳәм көлемлери жағынан ғана емес, ал дүзилиўиниң усыллары ҳәм әмеллери, қураллары жағынанда басқаша болған. Исбилерменлердиң өзлери көңли кең, саўда-сатық жумыслары ҳәм басқа айланысларда жүдә ҳадал калаберсе өз бойынына алған миннетлемелерин мүддетинде орынлай алатуғын, орынлағанда да, анық, талап дәрежесинде, сапалы етип орынлайтуғын адамлар болған, лийкин тилекке қарсы, ҳәзирги исбилерменлердиң ҳәммесиде бундай деп балмайды.

Сол заманлардағы исбилерменликтиң және бир өзгешелиги сонда еди, бул түрдеги жумыс пенен шуғылланатуғын адамлар өз байлығы, мал дүньясын арттырыў, капиталын көпейтиўге умтылыў менен бирге “дүньяны, өзге үлкелерди” көрип-билиўге, ол жерлердеги адамлар менен алыс-берис байланысларын орнатыўгада көп ҳәрекет қылар еди. Бирак заман өзгерди, заман менен бирге жәмийетте өзгерди.

Өзбекстан Республикасы Президенти И.Каримовтың “Экономикалық реформаларды жәнеде тереңлестириў, жеке мүликшиликти қорғаўды

тәмийинлеў ҳәм исбилерменликти раўажландырыў иләжлары ҳаққында” 1994-жыл 21-январдағы Пәрманы исбилерменлик ҳәм бизнес жумысларын кеңейтиў ушын имкәният ашыў менен ғана шекленип қалмай, бәлким Республикамыз халық хожалығы комплексиниң дүнья жүзилик базарына сай ҳалда кирип барыўы ушын ҳәм жол ошады. Сол тәрепи куўанарлы, бул Пәрман исбилерменлик жумысы менен шуғылланыў ушын халықтың бәрше социаллық топарларына тең имкәниятлар береди.

Мәмлекет базар қатнасықларын раўажландырыў ҳәм экономиканың жеке секторын қәлиплестириўди жеделлестириў бойынша бас реформатор сыпатында көп жумысларды қылмақта. Ҳәмме жердеде аҳўал ҳәзирше кеўилдегидей емес, әлбетте.

Айырым иләжлар енди-енди күшке кирип бармақта, лийкин улыўма алғанда экономика илгери тәрепке карап раўажланбақта, раўажланғандада секрип-секрип емес, ал базар қатнасықларына өтиўдиң өзине жараса усылыда нәзерде тутылғанындай, басқышпа-басқыш раўажланып бармақта.

Және бир нәрсени нәзерден кашырмаслық керек. Исбилерменлик ҳәм бизнес Республиканың өзиндеги өндириске, атап айтқанда ондағы ресурсларға - шийки зат, материаллық ресурслар, ақыл мийнети ҳәм басқаларына таянмайтуғын болса, пикиримизше, раўажланыўы бир катар кыйын болады. Бирақта шийки зат ресурслары үлкен болмағаны халында жақсы раўажланып, экономикасы раўажланған мәмлекетлерде бар (мәселен, Япония, Тайван ҳәм басқалар).

Исбилерменлик ҳәм бизнес улыўма миллий экономика раўажланыўы жолында хызмет етиўи керек болса, шеттен келтирилетуғын товарлар запасларын қәлиплестириў ҳәм сатыўдан тысқары мәмлекеттиң өзинде өндиристи раўажландырыўға да үлкен әҳмийет берилиўи керек. Әне сонда киши ҳәм орташа кәрханалар тармағын жаратыў, демек, исбилерменлик ҳәм киши бизнести раўажландырыў ҳаққында үтирли сөзлерди айтыўымыз мүмкин болар еди. Киши ҳәм орташа кәрханалардың базы бир әҳмийетли экономикалық секторларында гиреўли орынды ийеллеўи, буның менен бирге

адамлардың көбирек бәнт болыўын тәмийинлеп бериўи ҳәм ири кәрханаларға қарағанда тезирек раўажланып барыўы дүнья-жүзилик тәжирибесинен мәлим болмақта. Бизде болса, бундай кәрханалар ҳәзирше тийкарынан мәмлекетке қараслы ири кәрханалардың қурамында ижарашылар, кооперативлер ҳәм басқа структуралар көринисинде жаратылмақта. Киши ҳәм орташа кәрханалардың алдыңғы базар структураларын қәлиплестириўге жәрдем бериўин билдирип, ири кәрханалар менен олардың кишилеў шериклери ортасындағы салыстырмалы түрде ҳәм өз-ара қатнасықларды тәртипке салыў мақсетке муўапык болар еди.

Бүгинги күнде Республиканың көпғана қалалары ҳәм атап айтқанда пайтақттағы базар ҳәм саўда қатарларын айланып шығатуғын болса, буған пүткиллей керисинше көринисти көриўимиз мүмкин, лийкин, тилекке қарсы, бул - жаңа базар механизми толық жеңиске еристи деген гәп емес еле. Лийкин хеш жерде, хеш нәрсе тез ҳәм аңсат ғана бой тиклеп кете бермейдиде. Жәмийеттиң ескише маркадан жаңашасына өтиўи, әдетте, машақатсыз ҳәм биз қәлегенимизше тез питпеўи дүнья-жүзилик тәжирийбесинен белгили болып табылады. Президентимиз көрсетип берген бес принцип ҳәм базар механизмине секрип-секирип емес, балким басқышпа-басқыш өтип барыў - өз экономикамыздың моделин қәлиплестириў ҳәм мәдениятқа ерискен жәмийет көриўдиң тийкарына төменжегн өзгешеликлер мине усылардан ибарат есапланады. Булар толығы менен түсиникли болып есапланады, олар Республиканың өзинде ғана емес, ал дүньяның басқа мәмлекетлеринде де тийислише қоллап-куўатланылмақта.

Бир сөз бенен айтқанда, базар қатнасықлары тийкарларын жаратыў ушын, әмелге асырылып атырған реформалардың өмир сүриўшеңлигин тәмийинлеў ушын республикада ҳәзир жүдә көп жумыслар исленбекте.

Базар экономикасы раўажланған ҳәмме мәмлекетлерде исбилерменлик жумысы менен бизнести раўажландырыўдың зәрүр шарти жеке мүликшилик болып табылады, бирақ исбилермен менен бизнесмен ҳәмийше де жеке мүлик ийеси бола бермейди. Исбилерменлер менен бизнесменлер арасында

мүлик эгалари менен бир катарда менежерлер, өндирислик шөлкемлестириўшилер ҳәм жумысқа ҳақыйқый берилген басқа хар кандай адамларда бар.

Ҳәзирги шараятларда меншиклестириў исбилерменликтиң тийкары болмыш жеке мүликшиликти қайта тиклеўге шақырылған. Меншиклестириў социаллық-экономикалық ўазыйпаларды шешиў, базар орталығын қәлиплестириў қуралы есапланады. Ол бәсекени келтирип шығарып, исбилерменлерге ҳәм ҳәр түрли мүликлик формачындағы кәрханалардың басшыларына еркинлик бериўи, инновациялық типтеги жаңаша раўадланыўдың социаллық базасын қәлиплестириўи керек.

Меншиклестириў бийғәрез ҳәм соның менен бир ўақытта қурамалы машқала болып есапланады. Оны жүзеки, зорлық пенен жеделлестириўде, пассивлестирип қоймаслығымызда керек. Мүриўбетсиз ҳалда көрилген ҳәр қандай шаралардың нәтийжелери ҳәмийше де жақсы шыға бермеслиги бизге белгили. Мийнет жәмәәтлери ҳәм олардың басшылары меншиклестириўдиң зәрүрлигин аңлап жететуғынлығы, бул шараны калайынша әмелге асырыў керекликги ҳәм кандай нәтийже бериўин үйренетуғын болсалар, әне сонда ол нәтийже береди.

Республикада меншиклестириў бағдарында, әсиресе саўда ҳәм жергиликли санаат кәрханалары ҳәм туруқ жайларды меншиклестириў бойынша анық тәжирийбе топланғанлығын айтып өтиў лазым. Бирақта бул тәжирийбеден усталық пенен пайдаланбак керек. Себеби, турақ жай, кафе ямаса қандайда бир дүканды меншиклестириў басқа, айтайық, трактор заводы, ири комбинат ямаса имәратлар қурыў бойынша комплексии меншиклестириў пүткиллей басқа нәрсе.

Исбилерменлик ҳәм киши бизнести раўажландырыў ушын басқа шәрт-шараятлар ҳам болыўы керек. Неге десеңиз, экономикалық ҳәм социаллық мәмлекетлик сиесаттың турақлылығы, исбилерменлик ҳәм бизнес ҳаққында унамлы жәмийетлик пикир жүгеге келген болыўы, жеңилликлерге ийе болған салық тәртиби, исбилерменликти қоллап-қуўатлайтуғын раўажланған инфраструктура, ақыллылық, ямаса интеллектуаллық мүликти қорғаўшы

нәтийжели система болыўы керек ҳәм тағы басқа. Исбилерменлик ушын қолай кредит системасын жаратыў, оларға зәрүрли өндирис қураллары, шийки зат ҳәм комплектлеўши буюмларды сатып алыў имкәниятын бериў керек. Бул мәселелердиң дерлик ҳәммесинде исбилерменлеримиз ҳәзирше белшили кыйыншылықларға ушырап турыпты. Мине усы кыйыншылықларды жеңиў ҳәм басқа зәрүр болған машқалаларды табыслылық пенен шешиў ҳәзирги исбилерменлер менен бизнесменлердиң ең әҳмийетли ўазыйпаларынан бири болып табылады.

1-сүўрет. **Жумыс жүргизип атырған киши бизнес субъектлери саны, мың бирлик**




2009-жылда мәмлекетимизде киши бизнес ҳәм жеке исбилерменлик саласының да турақлы раўажланғанлығына айрықша итибар қаратылған.

Хожалық жүргизиўши субъектлердиң салық жүгин жәнеде кеметиў, микрофирма ҳәм киши кәрханалар ушын бирден-бир салық төлеминиң 10 проценттен 8 процентке, 2009-жылдан баслап болса 7 процентке түсирилиўи, физикалық тәреплерден алынатуғын дәрамат салығы ставкаларының кемейтирилиўи ҳәм әйне ўақытты оны есаплаў тәртиплериниң жетилистирилиўи исбилерменлик, киши ҳәм жеке бизнести избе-из түрде раўажландырыў ушын күшли хошаметлеўши факторлар жаратылды.

Нәтийжеде 2010-жылы жумыс жүргизип атырған киши бизнес субъектлериниң саны дерлик 400 мыңды қурады, бул усы көрсеткиштиң соңғы алты жыл жаўамында 1,9 есеге көбейгенлигин билдиреди.

Жумыс жүргизип атырған киши бизнес субъектлариниң салмағы 1,7% ке, соның ишинде санаатта – 1,3% ке, қурылыста – 3,4% ке, транспортта – 22,2% ке ҳәм басқа өндирислик салаларында – 9% ке артты. Жумыс алып бармай атырған исбилерменлик субъектлериниң үлеси 8,6% ти қурады. Өз орнында айтып өтиў керек, бул айырым раўажланған мәмлекетлер көрсаткишлеринен бир қанша пәс дәрежеде.

1-кесте

**Өзбекстанда хызмет көрсетиў ҳәм сервис салаларының өсиў пәтлери,**
алдынғы жылға салыстырғанда процентте

| Хызмет түрлери | 2008-жыл | 2010-жыл |
|---|---|---|
| Базар хызметлери | 126,6 | 121,0 |
| Соннан саўда әм улыўма аўқатланыў хызметлери | 132,5 | 126,8 |
| Транспорт хызметлери | 121,1 | 112,7 |
| Байланыс ҳәм мағлыўмат алыў хызметлери | 151,5 | 140,1 |
| Финанс ҳәм банк хызметлери | 123,8 | 132,2 |
| Туристлик-саяхатшылық хызметлери | 122,3 | 126,3 |
| Мийманхана хызметлери | 133,5 | 122,5 |
| Турмыс жағынан ҳәм коммуналлық хызметлер | 109,3 | 108,4 |
| Автомобиллерди оңлаў ҳәм басқа техникалық хызметлер | 138,7 | 139,2 |
| Басқада хызметлер | 142,5 | 130,6 |

Киши бизнес жеке исбилерменлик субъектлери тәрепинен өндирилип атырған санаат өнимлери көлеми өткен жылы дерлик 22 процентке көбейди. Бул санаат тармағындағы орташа өсиў көрсеткишинен бир қаніа көп дегенди билдиреди. Соның нәтийжесинде киши бизнестиң жалпы ишки өнимдеги үлеси 2008-жылдағы 45,5 проценттен 2010-жылда 48,2 процентке көтерилди. Бүгинги күнде мәмлекетимизде жумыс пенен бәнт болған жәми халықтың 76 проценттен көбиреги әйне усы салада мийнет етип атырғаны әсиресе итибарлы болып табылады.

Киши бизнес ва жеке исбилерменлик жумысларын раўажландырыўға тийисли дәстүрлерди әмелге асырыў нәтийжесинде өткен жылда 37 мыңнан артық жаңа киши бизнес субъектлери, 119,6 мың жеке тәртиптеги исбилерменлик субъектлари дүзилди. Сондай-ақ, қурамлық жақтан өзгертилип атырған монополист-кәрханалардың пайданылмай атырған қуўатлылықларында 130 ҳәр түрли мүликшилик формаларына тийкарланған жаңа киши кәрханалар дүзилип, оларда 7,5 мыңға жақын жумыс орынлары жаратылды. 83 банкротлық ҳалындағы кәрханалар негизинде 92 жаңа исбилерменлик субъектлери дүзилип, оларда 9,8 мың жумыс орынлары жаратылды.

Мәмлекетимиздеги халықты жумыс пенен тәмийинлеў машқалаларын шешиўде киши бизнес ҳәм жеке исбилерменликти жеделирек раўажландырыў менен бирге, хызмет көрсетиў саласы ҳәм ири кәрханалардан үйге алып ислеўдиң түрли формаларын кең енгизиў, аўыл жайларда шарўашылықты раўажландырыўды хошаметлеўге айрықша әҳмийет берилмекте. Өткен жыл даўамында журтымызда 661 мыңға жақын, соннан, киши бизнес саласында – 374 мың, хызмет көрсетиў ҳәм сервис саласында – дерлик 220 мың, ири кәрханалардан үйге алып ислеўдиң есабынан болса – 97 мың 800 жаңа жумыс орны жаратылды.

Экономикада жумыс орынлары санын көбейтиўде хызмет көрсетиў ҳәм сервис саласын раўажландырыў ҳәм кеңейтиў әҳмийетли орын тутады. 2010-жылы байланыс, мағлыўмат алыў, финанс, банк, транспорт хызметин көрсетиў, турмыс жағынан хызмет көрсетиў, техника ҳәм автомобиллерди оңлаў салалары бир қанша жоқары пәтлер менен раўажланды.

Соңғы төрт жыл даўамында жылына орташа 50 процент өсимди тәмийинлеп атырған байланыс-коммуникациялық технологиялары саласында хызмет көрсетиў жедел раўажланып атырғанын айырша атап өтиў лазым. Нәтийжеде хызмет көрсетиў саласының жалпы ишки өнимдеги үлеси 2007-жылдағы 42,5 проценттен 2010-жылда 45,3 процентке өсти (2-сүўрет).

Соның менен бирге, Президентимиз әйне ўақытта аўыл халқына көрсетилип атырған хызметлер көлеми жылдан-жылға өсип баратырғанлығына қарамай, еледе төмен дәрежеде – бары-жоғы 26,8 процент болып қалып атырғанлығына айрықша итибар қаратыў лазымлығын, халыққа хызмет көрсетиў сапасы да талап дәрежесинде емеслигин айтып өткен.

2-сүўрет**. Хызмет көрсетиў саласының жалпы ишки өнимдеги үлеси, процентте**




Мәмлекетимизде жумысшы күши бәнтлиги ҳәм халық дәраматларын арттырыўда ири кәрханалардан үйге алып ислеў ҳәмде жеке жәрдемши ҳәм дийқан хожалықларында қарамал бағыў салаларының әҳмийети жылдан-жылға күшейип бармақта. Атап айтқанда, бул бағдарда төмендеги нәтийжелер қолға киргизилди:

- 2010-жылда ири кәрханалардан үйге алып ислеўшилер тәрепинен 34 миллиард сумлық өним ислеп шығарылды ҳәм хызметлер көрсетилди;

- ири кәрханалардан үйге алып ислеў арқалы кәрханалар өзлерине берилген жеңилликлердиң есабынан 1 млрд. сумнан артық қарежетти тежеўге ерисилди;

- шарўашылықты раўажландырыў дәстүриниң орынланыўы шеңберинде 2010-жылы ким-асты саўдаларында 20300 бас қарамал сатылды, 2011-жылда жәнеде 24600 бас қарамал сатылыўы нәзерде тутылмақта;

- егер 2008-жылда қарамал сатып алыў ушын 42,5 млрд. сумлық жеңиллетилген кредитлер ажыратылған болса, 2008-жылда бул көрсеткиш 48,2 млрд. сумды қурады.

- 2006-жылдан ҳәзирге шекем кем тәмийинленген шаңарақлар ушын 103 мыңнан артық қарамал берилди;

- 2011-жылдың 1-январына шекем жеке жәрдемши ҳәм дийқан хожалықларында қарамал бағыўшы сыпатында дизимге алынған пуқаралардың улыўма саны 1,1 млн. адамнан көбиректи қурады;

- қарамал бағыўшы сыпатында дизимге алынған пуқаралардан 54 мың адамға жаңа мийнет дәптершеси берилди, 111 мың пуқараның болса бар болған мийнет дәптершесине жумыс стажы тийисли тәртипте жазып қойылды.

Улыўма алғанда мәмлекетимизде киши бизнес ҳәм жеке исбилерменлик, хызмет көрсетиў ҳәм сервис, ири кәрханалардан үйге алып ислеў салаларын турақлы раўажландырыў бағдарында әҳмийетли жумыслар әмелге асырылып, олардың нәтийжесинде ҳәм кейин-ала халықтың турмыс дәрежесиниң жетилисиўине сезилерли тәсир көрсетти.

## 1.3. Базар экономикасы жағдайында исбилерменликтиң зәрүрлиги ҳәм әҳмийети

Базар экономикасы субъектлериниң хожалық хызметинде «исбилерменлик» ҳәм «бизнес» түсиниклери өз-ара жақын болып, әмелиятта олар бир-бирин алмастырыўы мүмкин. Рус әдебий тили сөзлигинде «бизнесмен»- исбилермен, исшең дегенди аңлатса, «бизнес»- хызмет, пайда келтириўши деп түсиниледи. «Исбилермен» ҳәм «бизнесмен» сыяқлы түсиниклер менен ислеп шығарыў, саўда, финанслық ҳәм инновациялық хызметлер менен шуғылланыўшы ҳәм белгили муғдарда дәрамат алыў нийетиндеги инсан сүўретленеди.

Ўатанымыз ҳәм сырт ел алымлары базар экономикасы процессинде исбилермен ҳәм бизнести экономикалық хызметтиң бир түри деп қарап, бул түсиниклер жеке шахслар, кәрхана, шөлкемлер тәрепинен дәрамат алыў мақсетинде өзиниң ҳәм шәртнамадағы шериклериниң мәплерин көзлеп, ислеп шығарыў, товар сатып алыў ҳәм сатыў ямаса басқа товарлар, хызметлерге ямаса пулға алмастырыў сыяқлы еркин хожалық жүритиў хызметин билдиреди, деп есаплайды.

«Исбилермен» ҳәм «бизнесмен» сыяқлы түсиниклер олардың экономикалық хызмет тараўлары көрилип атырғанда мәнилес деп есапланбайды. «Бизнес» түсиниги «исбилермен»нен бир қанша кем мәниске ийе деп қаралады. Шығыс мәмлекетлердиң базар экономикасы ҳаққындағы әдебиятларда бизнес-жәмийеттиң талап ҳәм қәлеўлерин қанаатландырыўға қаратылған ислеп шығарыў системасы, деп түсиндириледи.

Исбилерменлик хызмети бизнестиң бир түри болып, оның түрли тараўларында әмелге асырылады. «Исбилерменлик ҳаққында»ғы нызамға тийкарланып исбилерменлик-пуқаралардың пайда ямаса жеке дәрамат алыўға бағдарланған ғәрезсиз хызмети болып, ол пуқараның өз атынан, өзиниң тәўекелшилиги менен ҳәмде өзиниң ямаса юридикалық шахстың (кәрхананың) мүликий жуўапкершилиги тийкарында әмелге асырылады. Солай етип, исбилермен толық ямаса бир бөлек материаллық қаржыға ямаса

финанслық ресурсларға ийе болған қайратлы инсан болып, ол бул ресурсларды өз бизнесин шөлкемлестириў ушын иске салады. Ол тәрепинен шөлкемлестирилген фирма (шөлкем, ширкет, кәрхана) мәмлекетимиздеги раўажланып атырған киши бизнестиң бир бөлимине айланады.

Исбилерменликтиң раўажланыўын тәмийинлеўши тийкарғы факторлар төмендегилерден ибарат:

1. Халық хожалығы тармақларының базар қатнасықларына өтиўи ҳәм тутыныў базарының жаратылыўы. Бул мәп ҳәм талап көлемин кеңейтеди ҳәмде ғалабалық талаптағы товар ҳәм хызметлерге болған мүтәжликти жаратып қалмай, бәлким индивидуал талапқа ийе болған затларға мүтәжликти де туўдырады. Бундай талап ҳәм мүтәжликлерди тез ҳәм сыпатлы етип тек киши кәрханаларға ғана қанаатландыра алады.

2. Исбилерменлердиң мүлики, ҳуқықы ҳәм экономикалық мәплериниң қорғалыўына ҳуқықый ҳәм мәмлекет дүзилисиндеги мекемелер кепиллигиниң барлығы.

3. Исбилерменликтиң мәмлекет тәрепинен салық, финанслық кредит ҳәм амортизация сиясаты арқалы қоллап-қуўатланыўы.

4. Мәмлекет ҳәм муниципал (жергиликли өз-өзин басқарыў) кәрханаларын мәмлекет ийелигинен шығарыў, меншиклестириў ҳәм киши фирмаларды шөлкемлестириў.

5. Кем дәрамат, пәс рентабелли ҳәм зыян көрип ислеп атырған кәрханалардың банкротқа ушыраўының анықлығы ҳәм олар тийкарында жеке киши кәрханалар шөлкемлестириў.

6. Мәмлекеттиң социаллық-сиясий жақтан турақлы жағдайы (бул сырт ел капиталды тартыўда көмеклеседи).

7. Жәмийеттиң исбилерменлик ҳаққындағы пикирлери.

8. Исбилерменликтиң шөлкемлестириўшилик-ҳуқықый түрин дурыс таңлаў.

9. Базар экономикасы инфраструктурасының (түрли инновацион орайлар, банклер, иржалар, қамсызландырыў компаниялары, реклама агентликлери ҳәм басқалар) тезлик пенен раўажланыўы.

Исбилерменлерди қозғатыўшы күши дәрамат алыў болып, бул дәрамат оларға исбилерменлик фирмаларын шөлкемлестириўге ҳәм өз бизнесин кеңейтиўге, ҳәмде онда ислеўшилерди материаллық хошаметлеў ушын керек болады. Лекин сырт ел тәжирийбелерине муўапық бул тийкарғы себеп есапланбайды, бәлким исбилерменниң дәрамат алмастан, баслаған жумысын даўам ете алмаўы ҳәм кәрхананың өзинен-өзи раўажлана алмаўы көзде тутылыўы керек.

Өз бизнесин шөлкемлестириўде инсан өзиниң жәмийеттеги экономикалық, материаллық ҳәм социаллық жағдайын жақсылаў, өзиниң ҳәм семьясының жасаў турмысын жақсылаў ушын интилиўи есапланады. Исбилерменлик хызметине түртки болатуғын басқа себеплер қатарына шахстың өзин көрсетиўге, халықтың финанслық ресурсларының бир бөлимин, қосымша мийнет ҳәм басқа ресурсларды хожалық процессине тартыўға имканияттың барлығы, пуқаралардың нызамлы түрде өз дәраматларын асырыўға, қосымша дәрамат келтириўши хызмет түри менен шуғылланыўға мүмкиншиликтиң барлығы сыяқлы факторларды қосыў мүмкин.

Исбилерменликтиң субъектлери физикалық ҳәм юридикалық шахслар болыўы мүмкин.

Юридикалық шахс деп, өзине тийисли айрықша мүликке ийе болған, өз атынан мүликий ҳәм мүликий емес ҳуқықларды ҳәм мәжбүриятларды ала алатуғын, судда, арбитражда ҳәм ҳәкимлик судында даўагер ҳәм жуўапкер бола алатуғын шөлкемлерге айтылады.

Юридикалық шахслардық төмендеги белгилер болады: өз нызамының барлығы, юридикалық шахс болып мәмлекет дизиминен өткенлиги ҳаққындағы тийисли ҳәкимлик қарарының барлығы, өзине тийисли мал-мүликтиң барлығы, банкте есап бетиниң болыўы, өз белгиси түсирилген

домалақ мөри ҳәм мүйешли штампының, зәрүрли жағдайларда, тийисли қағазлары ҳәм фирма белгилериниң барлығы.

Исбилерменлик хызметиниң төмендеги түрлери бар:

- жеке исбилерменлик физикалық ямаса юридикалық шахслар (кәрхана) тәрепинен әмелде өзиниң жеке мүлики тийкарында шөлкемлестириледи;
- жәмәәт исбилерменлиги- пуқаралар топарының жәмленген мүлики тийкарында шөлкемлестириледи;
- аралас исбилерменлик- бир (ямаса бир неше) юридикалық шахс (кәрхана) бир неше физикалық шахслар мүликин бирлестириў тийкарында шөлкемлестириледи;
- қоспа исбилерменлик- еки ямаса оннанда көп юридикалық шахслар (соның ишинде сырт ел кәрханалары) мүликлерин бирлестириў жолы менен шөлкемлестириледи;
- шәртнамалық исбилерменлик-мүлик ийеси болмаған кәрхана баслығы (ямаса басқа жуўапкершиликли лаўазымдағы хызметкер-менеджер) тәрепинен шәртнама тийкарында әмелге асырылады. Бунда мүлик ийеси ямаса оның исенимли ўәкили (мекемеси) тәрепинен ислеп шығарыўды уйымластырыў ҳәм басқарыў бойынша белгиленген ҳуқық мәжбүриятлар ҳәм жуўапкершилик иске алынған тәрепке, яғный кәрхана баслығы ямаса басқа жуўапкершиликли лаўазымдағы хызметкерге жүкленеди;
- кәрхана баслығы исбилермен пуқараға сай тәртипте дизимге алынады ҳәм усы сыяқлы жуўапкершиликке ийе болады.

Мине биз қарап өткенимиздей, исбилерменликти раўажландырыў базар экономикасы жағдайында жүдә зәрүрли ҳәм әҳмийетли.

Исбилерменлик ғәрезсиз дослық аўқамы мәмлекетлери регионында өзиниң XIX әсирде басланған раўажланыў тарийхына ийе. Бу дәўирде дәслепки исбилерменлик түриндеги саўда үйлери ҳәм санаат объектлери пайда болды. Егер банкротлықтан дәслепки дәўир хожалық әмелиятына нәзер салсақ, онда XX әсир басларында кең көлемде раўаж тапқан

исбилерменликтиң бир түри болған ширкетлер ҳәрекети айрықша қызығыўшылықты туўдырады. Ол әсиримиз басында түрли хызмет тараўларын қамрап алып, кең көлемде раўажланды.

Мәселен, 1925-жылда бурынғы совет дәўири санаатында 1 888 410 түрли майда, жеке өнерментшилик кәрханалары хызмет көрсеткен. Бул кәрханалар есабына 19% и санаат ислеп шығарыўға туўры келген болып, оннан 32% ти - санаат тутыныў маллары есапланады. Улыўма товар айланысының 25% и ҳәм усақлап сатыўдың 50%нен артығы жеке саўдағы туўры келген. Онда жеке сектордың 60% ке жақын финанслық ресурслары жәмленген еди.

Экономиканың көп укладлылығы бәсекиниң раўажланыўына алып келди ҳәм тутыныў баҳаларына жақсы тәсир көрсетти. Жаңа экономикалық сиясат жетиспеўшиликти жоқ етти ҳәм экономиканы саламатластырыўға үлкен тәсир етти.

Оннан кейинги жылларда исбилерменлик раўажланыўы тоқтап қалды. Дослық аўқам мәмлекетлеринде ол 80 жыллар ақырларында қайта жанлана баслады. 1986-жылда бурынғы совет дәўири Жоқарғы кеңесиниң «Екилемши шийки зат ҳәм санаат шығындыларына ислеў бериў бойынша ширкетлер шөлкемлестириў» ҳаққында қарар шықты. Соң совет дәўири Жоқарғы кеңеси қарары менен 1987-жылда «Индивидуал мийнет хызмети ҳаққында», 1988-жылда «Ширкетлер ҳаққында», 1990-жылда «Кәрханалар ҳаққында» ҳәм «Исбилерменлик хызмети ҳаққында» нызамлар қабыл етилди. бурынғы совет дәўири тарқалғаннан соң, ғәрезсизликти қолға киритken көплеген мәмлекетлер бул тараўда өз нызамларын қабыл етти. Соның ишинде, Өзбекстан Республикасында исбилерменлик хызметин қорғаўшы нызамлар санына «Кәрханалар ҳаққында», «Исбилерменлик хызмети ҳаққында», «Қымбат баҳалы қағазлар ҳәм фонд биржалары ҳаққында», «Мүликти мәмлекет ийелигинен шығарыў ҳәм меншиклестириў» ҳаққындағы нызамлары қосылды.

Базар экономикасына тийкарланған раўажланған мәмлекетлерге 60-жыллар ақыры 70-жыллар басында киши бизнестиң гүлленген дәўири туўры келди ҳәм ол ҳәзирде өз орнын беккемлеп келмекте. Фирмалардың улыўма санында майда ҳәм орта кәрханалар салмағы ГФР да 95%, Японияда 99,7% ке туўры келеди, бул тараўда жалланған хызметкерлердиң 45-47% и бәнт, себеби раўажланған мәмлекетлерде исбилерменлик хожалық жүритиўдиң айрықша жедел ҳәм антибюрократик усылы есапланады. Оның тийкарында барлық ўақытта жаңа имканиятларды излеў, қойылған мәселени шешиў ушын ҳәр қыйлы ресурслар дереклерин табыў, тартыў ҳәм ислетиўге болады.

«Исбилерменлик ҳаққында»ғы нызамда киши бизнес ҳәм исбилерменлик системалары ушын, олардың шөлкемлестириўшилик-ҳақықый түрлеринен қарамай, улыўма болған ҳуқық ҳәм мәжбүриятларды ажыратып көрсетиў мүмкин. Бул нызамға тийкарынан ҳәр қандай исбилерменлик субъекти төмендеги ҳуқықларға ийе:

- мәмлекет нызамлары, Жоқарғы Кеңес қарарлары ҳәм мәмлекет басқарыў органлары ҳүжжетлери менен рухсат етилген ҳәр қандай хожалық хызмети менен шуғылланыў;
- нызамға қарсы болмаған ҳәр қандай кәрхана ямаса шөлкемди ашыў;
- исбилерменлик хызметин алып барыў ушын шәртнама тийкарында бегана пуқараларды, кәрхана, шөлкемлердиң, соның ишинде, сырт ел юридикалық ҳәм физикалық шахслардың мүликин, пул ресурсларын ҳәм базы бир мүликке ийе болған ҳуқықларын жалп етиў;
- нызамлы жол менен қолға киритилген мүлик пенен бегана хожалық субъектлериниң хызметинде қатнасыў;
- республикадағы нызамлар ҳәм дүзилген шәртнамалар тийкарында өзиниң хожалық дәстүрин ғәрезсиз түрлендириў, өз өними ушын тутыныўшы ҳәм тәмийнатшыны ғәрезсиз таңлаў, көрсететуғын хызметине тариф ҳәм өнимлерине баҳаны ғәрезсиз белгилеў;
- хызметкерлерди әмелдеги нызам ҳәм мийнет шәртнамасы тийкарында жумысқа алыў ҳәм жумыстан босатыў;

- жалланған шахслар ушын мийнетине ҳақы төлеў ҳәм басқа дәрамат түрлерин, дүзилисин ҳәм муғдарын белгилеў;
- өзиниң пул қаржыларын сақлаў ҳәм барлық түрдеги есап-санақ, кредит операцияларын орынлаў ушын банклерде есап бетлерин ашыў;
- исбилерменлик хызметинен келген дәраматтың салықлар ҳәм басқа мәжбүрий төлемлер төленгенинен қалған бөлимин өз қәлеўи бойынша ислетиў;
- шекленбеген муғдарда ҳәр қандай жеке дәрамат алыў;
- мәмлекет тәмийнаты ҳәм социаллық қамсызландырыў системасынан пайдаланыў;
- судда, арбитражда ҳәм ҳәкимлик судда даўагер ҳәм жуўапкер болыў;
- сырт ел валютасын сатып алыў ҳәм нызамлар тийкарында сыртқы экономикалық хызметти әмелге асырыў.

Исбилерменлердиң ҳуқық ҳәм мәжбүриятлары, олардың жәмийет ҳәм республика алдындағы ҳәмде жалланған ислеўшилер ҳәм хожалықтағы шериклер алдындағы ҳуқық ҳәм мәжбүриятларына байланыслы.

Нызам ҳүжжетлеринде көрсетилиўинше мәмлекет тәрепинен исбилерменлерге төмендегилер кепилленеди:

- пуқаралардың ҳәм юридикалық шахслардың исбилерменлик хызмети менен шуғылланыў, кәрхана ашыў ҳәм буның ушын зәрүрли мүлик сатып алыў ҳуқықлары;
- әмелдеги нызамшылық ҳәм шәртнамалар тийкарында барлық исбилерменлердиң ҳуқық ҳәм нызамлық мәплерин қорғаў;
- исбилерменлик хызметиниң илимий техникалық ҳәм ҳуқықый жақтан қоллап-қуўатланыўы;
- исбилерменлик қәўип-қәтери ҳәм тәўекелшиликти қамсызландырыў;
- исбилерменлер менен шәртнама дүзилгеннен соң олар хызметине шәртнамада көрсетилген жағдайлардан тысқары, мүлик ийесиниң ҳәм ҳәр қандай үшинши шахстың араласыўы қадаған етиледи.

Исбилерменлик хызмети нәтийжелилигин асырыў ҳәм оны кең тарқатыў нийетинде мәмлекет информация мәсләҳәти, илимий изертлеў орайлары, инновацион фондлар ҳәм басқа шөлкемлер дүзип, экономиканың бул тараўының раўажланыўына жәрдем береди. Өзбекстан Республикасында бундай хызметти Бизнес фонд орынламақта. Республикада Бизнес фонд жумыс көлемин кеңейтиў мақсетинде барлық ўәлаятлар, район ҳм қалаларда оның регионлық бөлимлери ашылды. Олар исбилерменликти тек ири қалаларда емес, бәлким пүткил республика бойынша раўажландырыў имканын береди.

Киши бизнести қоллап-қуўатлаў түрлеринен бири исбилерменликти қоллап-қуўатлаў орайларын шөлкемлестириў болып табылады. Буннан мақсет исбилерменлерге өз қаржысынан жеңилликли кредитлер бериў, банклер арқалы кредит пенен тәмийинлеўде кепиллик бериў, қәнигелерди таярлаў, мәсләҳәт хызметин көрсетиў ҳәм оларға материаллық техника қураллары ҳәм имаратлар алыўда көмеклесиў болып табылады.

Исбилерменликтиң жуўапкершилик шегарасы әмелдеги нызамшылық, арнаўлы ҳүжжетлери ямаса мүлик ийеси менен дүзилген шәртнама менен белгиленеди. Өз хызметин шәртнама тийкарында алып барыўшы исбилерменниң мүликлик жуўапкершилиги шәртнама менен белгилениўи зәрүр. Ол гиреўдеги ақшалай қаржыларын айланысқа киритиў ямаса бул мақсетте өз жеке мүликин ортаға қойыў менен әмелге асырылады.

Исбилермен өз хызметин юридикалық шахс шөлкемлестирместен әмелге асырып атырған болса, бундай жағдайда ол өзине жеке тийисли болған мүлики менен жуўап береди. Кредиторлар қарызы менен төленетуғын мүликлер дизимине пуқаралық процессуал кодекси менен белгиленеди.

Өз хызметин жеке мүлик тийкарында алып барып атырған исбилермен қайтыс болса, онда оның ҳуқық ҳәм миннетлемелери оның мийрасхорына өтеди. Юридикалық шахс шөлкемлестирилиўи менен алып барылған исбилерменлик хызмети әмелдеги нызамшылық ҳүжжетлери, соның ишинде кәрханалар ҳаққындағы нызам тийкарында тоқтатылады.

Мәмлекетимизде 2012-жыл даўамында «Беккем шаңарақ жылы» Мәмлекетлик бағдарлама тийкарында шаңарақлық исбилерменликти әмелге асырыў ҳәм бул бағдарда жумыслар алып барып атырған субъектлерди қоллап-қуўатлаў бойынша салмақлы жумыслар жүргизилди. Елимизде киши бизнес ҳәм жеке исбилерменлик субъектлерин және де қоллап-қуўатлаў, оларға салық жеңилликлерин бериў мақсетинде, кейинги бес жыл даўамында бирден бир салык төлеми ставкасы 2005-жылдағы 13% тен 2011-жылда 6% кемейтирилди, 2012-жылда өндирис тараўында жумыс алып барып атырған киши бизнес субъектлерине 5% муғдарында белгиленди.

Кейинги ўақытта Өзбекстан Республикасында тийкарынан жәмийетимиздиң ең төменги буўыны, тиреги болып келген шанарақ институтын еледе жетилистириўге байланыслы болған машқалаларға айрықша итибар берилмекте.

Мине усы мақсетте жас шаңарақларды социаллық қоллап-қуўатлаўға байланыслы қосымша ис-илажлар ҳаққындағы ҳүкимет қарары қабылланды. Усының тийкарында жас шаңарақларға 2012-2013-жылларда ҳәр бири 48 квартираға ийе болған 100 көп қабатлы үй қурыў әмелге асырылди.

2012-жылдың өзинде Өзбекстан Республикасы көлеминде 2 мың 400 квартира пайдаланыўға тапсырылған болса, 2013-жылда және сонша квартира қурылыўы нәзерде тутылған. Мине сондай үйлерди сатып алыўға қолайлы имканият жаратыў ушын мыңлаған жас шаңарақларға 15-жыл мүддетке мөлшерленген 210 миллиард сумға жақын жеңиллетилген ипотека кредитлери берилди.

Шаңарақ тийкарынан микроэкономикалық системаның негизи болып есапланады. Шаңарақлық исбилерменлик өз хызмет түрине қарай ҳәр қыйлы қатнасларда көзге тасланады. Оларға майда товарлар өндириси, ҳәр қыйлы өнерментшилик, усташылық, саўда–сатық, хызмет көрсетиў салаларын көрсетиў мүмкин. Шаңарақлық исбилерменликниң ҳәзирги күндеги әҳмийети үлкен болып, оларды төмендегидей мысалларда келтириўимиз мүмкин:

- биринши нәўбетте олар халық ушын ең зәрүр болған өним ямаса хызметлерди жаратады;

- екиншиден, шаңарақлардағы жумысшы күшин мийнет пенен бәнт етип шаңарақты дәрамат пенен тәмийинлеў имкәниятын жаратады.

Соның менен бир қатарда шаңарақлық исбилерменликниң төмендеги көп ғана абзаллықларын келтирип өтиўимизге болады:

1. Шаңарақлық исбилерменлик киши көлемде болғанлықтан көп капитал кетпейди, оны баслаў ушын пул табыў жеңил болады.

2. Шаңарақлық исбилерменлик шаңарақтағы көшпес мүлкке таянады. Капитал қурылыс ямаса жайды ижараға алыў талап етилмейди.

3. Шаңарақлық исбилерменлик көбирек қол мийнетин талап еткенлиги себепли өним ҳәм хызметлер арзан өндириске ийкемлеседи.

Ҳәр қандай шаңарақ киши бизнести басламастан алдын бизнес реже дүзип алады. Бизнес реже кәрхана хызметин жақсы алып барыўда үлкен роль ойнайды. Бизнес режениң дүзлиси ҳәм мазмуны шегараланбаған. Бизнес режеде мақсет ҳәм ўазыйпаларын белгилеп алыў орайлық орында турады. Бизнес режени дүзиўде ўақыт факторын барлық ўақытта есапқа алыў керек. Басқаша айтқанда, келетуғын пайда ўақытқа қарата қандай бөлистириледи ҳәм инфляцияға қарата оның өнимдарлығын есап китап етип шығыў шәрт. Соның менен бирге бизнес режеде барлық қәрежетлер күтилетуғын нәтийжелер ҳәм қанша жылға дүзилгенлигин көрсетеди. Бизнес реже арқалы исбилерменлер коммерциялық банклерден кридитлер алыў имканиятына ийе болып табылады.

Жуўмақлап айтқанда шаңарақлық исбилерменликти раўажландырыў, хызметлер тараўын кеңейтириў, халықтың жумыс пенен бәнтлигин тәмийинлеў шара-илажларын ислеп шығыўды жетилистириў үй хызметиниң кең жол ашыўы ушын ең актуал мәселе болып табылады ҳәм халықтың бәнтлигин ҳәм турмыс абаданлығын арттырыўға хызмет етеди.

## II Бап. Аўылларда шаңарақлық исбилерменликти раўажландырыўды мәмлекетлик қоллап-қуўатлаўдың Өзбекстандағы өзгешеликлери

### 2.1. Шаңарақлық исбилерменлик ҳаққында тийкарғы түсиник ҳәм пикирлер

Шаңарақ жәмийеттиң ең дәслепки буўыны болып, өмир шаңарақтан басланады. Экономикалық тәрептен қарағанда шаңарақ үй хожалығы болып, миикроэкономикалық системаның тийкарғы бөлеги есапланады. Шаңарақ өз хизметине қарай киши бизнесте түрлише қатнасларында көринеди. Оған киши бизнестиң ислеп шығарыў түри менен бирге өнерментлер, алып–сатыў хызмет көрсетиў тараўларын көрсетсек болады. Шаңарақ исбилерменлигиниң ҳәзирги күндеги әҳмийети үлкен.

Биринщиден ол халық ушын зәрүр болған өним ямаса хызметлерди жаратады.

Екинщиден шаңарақ жумысшы күшин мийнет пенен бәнт етип шаңарақты дәрамат пенен тәмийинлеў имкәниятын жаратады,

Шаңарақ исбилерменлигиниң көп ғана абзаллықлары бар.

1. Шаңарақ исбилерменлиги киши көлемде болғанлықтан көп капитал кетпейди, оны баслаў ушын пул табыў жеңил болады.

2. Шаңарақ исбилерменлиги шаңарақтағы көшпес мүлкке таянады. Капитал қурылыс ямаса жайды ижараға алыў талап етилмейди.

3. Шаңарақ исбилерменлиги көбирек қол мийнетин талап еткенлиги себепли өним ҳәм хызметлер арзан өндириске ийкемлеседи.

Ҳәр қандай шаңарақ киши бизнести басламастан алдын бизнес реже дүзип алады. Бизнес реже кәрхана хызметин жақсы алып барыўда үлкен роль ойнайды. Бизнес режениң дүзлиси ҳәм мазмуны шегараланбаған. Бизнес режеде мақсет ҳәм ўазыйпаларын белгилеп алыў орайлық орында турады. Бизнес режени дүзиўде ўақыт факторын барлық ўақытта есапқа алыў керек. Басқаша айтқанда, келетуғын пайда ўақытқа карата қандай бөлистириледи ҳәм инфляцияға қарата оның өнимдарлығын есап китап етип шығыў шәрт. Соның менен бирге бизнес режеде барлық қәрежетлер күтилетуғын

нәтийжелер ҳәм қанша жылға дүзилгенлигин көрсетеди. Бизнес реже арқалы исбилерменлер коммерциялық банклерден кридитлер алыў имканиятына ийе.

Қарақалпақстан Республикасы коммерциялық банклер тәрепинен киши бизнести раўажландырыў мақсетинде 2010 жылды 105964,7 млн.сўм көлеминде кредитлер ажратылды. 2009 жылға қарағанда 139,8 % қурады. Соның менен бирге 105057,4 млн.сўм банклардың өз қаржылары есабынан 907,3 млн.сўм бюджеттен тысқары жамғармалар есабынан ажратылды. Сондай – ақ қысқа мүддетли кредитлер 52437,6 млн.сўмды ҳәм узақ мүддетли кредитлер 53527,1 млн.сўмды қурады. Ислеп шығарыў ҳәм тәмийнлеўге 12881,2 млн.сўм, хызметлер тараўына 18618,0 млн.сўм, қурылыс тараўына 9974,3 млн.сўм, аўыл хожалық тараўына 23916,2 млн.сўм, айланыс қаржыларын толтырыў есабына кредитлер берилди.

Халықтың турмыс дәрежеси ақырғы нәтийжеде шаңарақ абаданшылығы менен тығыз байланыслы. Базар қатнасықлары жағдайында шаңарақлық бизнести раўажландырыў мәселеси ең актуаль мәселелерден бири. Бирақ, бул мәселе мәмлекетимизде үлкен шөлкемлестириўшилик ҳәм басламашылық жумысларын әмелге асырыўды талап етеди.

Ҳәзирги экономикалық орталық айрықша «Шаңарақлық бизнес ҳәм оны қоллап-қуўатлаў ҳаққында»ғы нызамның қабыл етилиўин талап етпекте. Бундай нызамның жаратылыўы тәбийий, реформалар жеделлесиўинде, ең әҳмийетлиси шаңарақлардың турмыс дәрежесин жоқарылатыўда ең зәрүрли нызамлық тийкар болып хызмет етеди.

Өзбекстан Республикасы Президенти И.А.Каримов атап өткениндей: «Үлкемиздиң өзине тән, жумыс күшиниң ҳәдден тысқары көп болыўы, раўажланған аўыл-хожалық ҳәм шийки-зат базасы, ҳәтте айтыў мүмкин, халықтың дәстүрлери, руўхы киши ҳәм шаңарақлық бизнести, жеке исбилерменликти жедел раўажландырыўды объектив зәрүрлик етип қоймақта».

Шаңарақлық бизнести қәлиплестириў мәмлекетимизде бир қанша социал-экономикалық машқалаларды шешиўге мүмкиншилик береди:

Булар, 1-ден, базар экономикасының тийкарғы ҳәрекетке келтириўши күши есапланған мүлкдарлар класын пайда етеди.

2-ден, мәмлекетимиздиң базарын тутыныў товарлары ҳәм ҳәр қыйлы хызметлер менен байытыў имканиятын жаратады.

3-ден, жаңа жумыс орынларын жаратыў есабына, жумыссызлықты сапластырыў машқаласын шешеди.

4-ден, шаңарақлық дәраматларының артыўына тийкарғы дерекке айланады.

Шаңарақ хожалығы исбилерменлиги – бул шаңарақ хожалығы ағзаларының өз мүлкине сүйенип, дәрамат алыўға бағдарланған экономикалық хызмети есапланады.

Бүгинги күнде экономиканы еркинлестириў шәраятында ҳәм экономикалық реформаларды және де жетилистириў мақсетинде республикамызда бир қанша иләжлар алып барылып атыр. Республикамыздың аграр тараўында әмелге асырылып атырған кең көлемли реформалар нәтийжесинде аўыл хожалығы өнимлерин жетистириўдиң жеке меншик формасы жылдан-жылға раўажланып бармақта. Соңғы жыллары елимиз Президенти И.А.Каримовтың 2009-жылғы 26-январдағы ПҚ-1047-санлы «Азық-аўқат өнимлерин ислеп шығарыў ҳәм ишки базарды толтырыў барысындағы қосымша шара-тәдбирлер ҳаққында»ғы қарары тийкарында Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң 2009-жыл 3-февралдағы 11/2-санлы қарары қабылланып, дәстүр ислеп шығылды.

Дәстүрде Қарақалпақстан Республикасында азық-аўқат өнимлерин жетистириўге айырықша итибар қаратылып, белгиленген ўазыйпаларды избе-излик пенен әмелге асырыў процессинде бир қанша нәтийжели жумыслар әмелге асырылды. Бул жойбарларды әмелге асырыў процессинде 2009-жылда 846 млн. сом қаржы жумсалып, 123 жаңа жумыс орынлары, 2010-жылда болса 1932,7 млн. сом қаржы жумсалып, 133 жаңа жумыс орынлары жаратылған. 2011-жылдағы гөш-сүтти ҳәм мийўе-палызды қайта ислеў жойбарларын әмелге асырыў ҳәмде шийки сүт қабыллаў пунктлерин

шөлкемлестириў процессинде 6054,4 млн. сом қаржы жумсалып, 176 жаңа жумыс орынлары жаратылған.[8]

Аўыл хожалық өнимлерин жетилистирип ҳәм оларды қайта ислеп шығарыўдың көпшилик муғдары аўыл хожалығы кәрханаларына туўра келеди. Аўыл хожалығы кәрханаларын көбейтиў ҳәм де оларға қоллайлықлар жаратыў керек. Себеби, аўыл халқын белгили мийнет түри менен бәнтлигин, халықты кең түрдеги сапалы аўыл хожалық өнимлери ҳәм азық-аўқат пенен тәмийнлейтуғын аўыл хожалығы кәрханаларын арттырыў экономикалық жаңаланыўлардың ҳәзирги басқышында аграр тараўды раўажландырыўдың әҳмийетли ўазыйпаларынан бири болып есапланады.

Кейинги жылларда киши бизнес ҳәм жеке исбилерменликтиң зәрүрли формасы сыпатында раўажландырыў ушын тийисли нызамшылық базасын жаратыў, шаңарақ исбилерменлиги ушын ҳуқықый кепилликлерди күшейтиў ҳәм жаңа жумыс орынларын жаратыў мақсетинде Өзбекстан Республикасы Президенти И.А.Каримов 2012-жыл 26-апрелдеги ӨзР-327-санлы қарарына муўапық «Шаңарақ исбилерменлиги ҳаққында»ғы Нызамы қабылланды. Шаңарақ исбилерменлиги шаңарақ ағзалары тәрепинен тәўекел етип ҳәм өз мүлки жуўапкерлигинде дәрамат (пайда) алыў мақсетинде әмелге асырылатуғын инициативалылық искерлиги болып табылады. Шаңарақ исбилерменлиги өз қатнасыўшыларының ықтыярлығына тийкарланады. Ол юридикалық тәреп атағын алмаған ҳалда әмелге асырылыўы мүмкин. Юридикалық тәреп атағын алған ҳалда әмелге асырылатуғын шаңарақ исбилерменликтиң шөлкемлестириўшилик-ҳуқықый формасы шаңарақ кәрхана болып есапланады.[9]

Усыларды есапқа алған ҳалда жаңадан дүзилип атырған аўыл хожалығы өнимлерин ислеп шығарыўшы кәрханаларын шаңарақ кәрханасы сыпатында қайта дүзиў үлкен әҳмийетке ийе. Себеби шаңарақ кәрханасы белгили аўыл хожалығы өнимлерин ислеп шығарыўдан тутыныўшыларға

---

[8] Қарақалпақстан Республикасында социаллық-экономикалық раўажланыўдың 2011-жыл жуўмақлары ҳәм экономикалық реформалардың барыў ҳаққындағы Есабат мағлыўматлары.

[9] www.soliq.uz – интернет сайты мағлыўматлары.

жеткериўге шекемги болған процесс мәлим бир шаңарақ ағзалары тәрепинен әмелге асырылады. Бул процессте өнимлерди жетистириў, сақлаў, қайта ислеў, қадақлаў, реклама етиў, маркетинг изертлеўин өткериў ҳәм сатыўдан түскен дәраматлардың көпшилик бөлеги шаңарақтың материаллық базасын асырыўға алып келеди. Сондай-ақ, бул аўыл хожалығы өнимлерин ислеп шығарыўшы шаңарақ кәрханалары ушын «Шаңарақ исбилерменлиги ҳаққында»ғы Нызамды қайта ислеп шығып ҳәм оны әмелиятта қоллаўдың ҳуқықый, экономикалық, социаллық механизмлерин жаратыў арқалы әмелге асырылады.

Финанслық жақтан төмен болған аўыл хожалығы кәрханаларын «Шаңарақ исбилерменлиги ҳаққында»ғы Нызамға тийкарланған ҳалда шаңарақ кәрханасы сыпатында қайта шөлкемлестирип, оларға усы нызамда көрсетилген кредит жеңилликлерин бериў, салық жеңилликлерин бериў ҳәм салық жүгин (аўырлығын) оптималластырыў және де жаңа техника ҳәм технологияларды киргизиўге имканият жаратып бериў керек.

Жуўмақлап айтқанымызда, аўыл хожалығы тараўында шаңарақ кәрханаларын раўажландырыў, аўыл хожалығы өнимлериниң сапасын жақсылаў, жаңа жумыс орынларын жаратыў ҳәмде оларды қоллап-қуўатлаў керек. Соның менен бир қатарда, бул аўыл хожалығы өнимлерин өндириўши жеке шаңарақлық кәрханалар мәмлекетимиздиң экономикалық өсиўине өзлериниң үлкен үлесин қосады ҳәм елимиз экономикасын тез пәт пенен раўажланыўына имкәният жаратады.

## 2.2. «Беккем шаңарақ жылы» мәмлекетлик Дәстүриниң шаңарақ исбилерменлигин раўажландырыўдағы роли

Бәршемизге мәлим ғәрезсизлигимиздиң дәслепки жылларынан баслап-ақ ҳүрметли Президентимизтиң басламасы менен елимиз социаллық бағдарланған базар экономикасына ийе демократиялық ҳуқықый мәмлекет қурыўға қаратылған кең комплексли реформаларды әмелге асырыў ҳәм раўажландырыў бойынша өз жолын таңлады.

Бунда Президентимиз тәрепинен белгилеп берилген базар экономикасына өтиўдиң бес принципи ҳәм басқышпа-басқыш реформалар стратегиясына тийкарланған елимизди реформалаў және модернизациялаў бойынша алып барылып атырған ис-илажлар бүгин пүткил дүнья еллери тәрепинен тән алынбақта.

Әсиресе, халқымыздың пәраўан турмысын тәмийинлеў, ишки базарларымыздың сапалы өнимлер ҳәм хызметлер менен толтырыў мақсетинде киши бизнес ҳәм жеке исбилерменликти раўажландырыўға, оларға қолайлы имканиятлар менен жеңилликлер жаратып бериўге, тараў ўәкиллерине өз жумысларын баслаў ҳәм раўажландырыў ушын исенимли қаржы дереклери менен тәмийинлеў бойынша да кең көлемли жумыслар әмелге асырылды.

Экономиканың әҳмийетли қурам бөлеги болған усы киши бизнес ишки базарды зәрүр товар ҳәм хызметлер менен толтырыўдың тийкарғы дереги болып хызмет ететуғынлығы бәршемизге мәлим. Сондай-ақ, киши бизнес тек экономикадағы белгили бир бослықларды толтырып ғана қоймастан, ал оны диверсификациялаў ҳәм турақлы пәтлер менен раўажландырыўды тәмийинлеўде де оғада әҳмийетли орынға ийе.

Ҳүрметли Президентимиздиң сөзи менен айтқанда исбилерменлик халқымыздың, миллетимиздиң қанына, сүйегине сиңип кеткен әжайып ҳәм ийгиликли пазыйлети есапланады. Усы пазыйлетлерди жарыққа шығарыўда зәрүр шараят жаратыў, адамларда исбилерменлик ҳәм инталылық қәбилиетлерин ҳәр тәреплеме қоллап-қуўатлаў, нызамлы исбилерменлик

хызмети нәтийжесинде алынған мал-мүликлерин қорғаў системасын беккемлеў жүдә үлкен әҳмийетке ийе болып есапланады.

Жеке сектордың қысқа дәўир ишинде жоқары дәрежеде раўажланыўы биринши нәўбетте ҳүкиметимиз тәрепинен оларға жаратылып берилип атырған ҳәр тәреплеме имканиятлар, олардың ҳуқық ҳәм нызамлы мәплерин қорғаў бағдарындағы нызамшылық базасының беккемленгенлигин атап өтиўимиз керек, әлбетте. Ғәрезсизлигимиздиң дслепки жылларынан баслап-ақ, конститутциялық норма ҳәм бағдарлар тийкарында қабыл етилген «Мәмлекет қарамағынан шығарыў ҳәм меншиклестириў ҳаққында»ғы, «Мүликшилик ҳаққында»ғы нызамлар усы тараўдың раўажланыўына кең имканиятлар жаратып берди. Усы тийкарда жүдә қысқа дәўир ишинде санаат, саўда, аўыл хожалығы ҳәм басқа да мәмлекет қарамағында болған бир қанша объектлер меншиклестирилди.

Буннан кейинги жылларда қабыл етилген «Исбилерменлик жумысы еркинлигиниң кепилликлери ҳаққында»ғы, «Жеке кәрханалар ҳаққында»ғы сыяқлы бир қатар нызамлардың қабыл етилиўи жеке исбилерменликти жедел раўажладырыўда айрықша әҳмийетке ийе болды.

Усы орында және бир нәрсени айрықша атап өтиўимиз тийис, ҳүрметли Елбасшымыз тәрепинен ислеп шығылған «Мәмлекетимизде демократиялық реформаларды және де тереңлестириў ҳәм пуқаралық жәмийетин раўажландырыў Концепциясын»да Президентимиз «... Бүгинги күнде киши бизнес ҳәм исбилерменликти кеңейтиў ушын бизнестиң шөлкемлестириў-ҳуқықый формасы сыпатында шаңарақлық бизнести нызам менен белгилеп қойыў ўақты келди. Мәмлекетимизде бизнести шөлкемлестириўдиң усы формасы бизнести жүргизиўде жүзеге келген миллий дәстүрлеримизге, хожалық жүргизиў жумысларының ҳәзирги жағдайына толық сәйкес келеди.

Бундай бизнести шөлкемлестириўдиң нызамшылық базасы жаратылса, шаңарақлық бизнестиң ҳуқықый кепилликлерин күшейиўине, экономиканың түрли тараўларында оның жедел ҳәм кең раўажланыўына ҳәм жаңа жумыс

орынларының ашылыўына шараят туўылыўына толық исенемен», деп айрықша атап өткен еди.

Ҳақыйқатында да, реформаларды изшил даўам еттириў, ҳәзирги ҳуқықый базаны кеңейтип, жетилистирип барыў бүгинги күнде жүдә үлкен әҳмийетке ийе. Әсиресе, мәмлекет экономикасының ҳәм жәмийеттиң раўажланыўында оғада әҳмийетли орын тутатуғын киши бизнес пенен жеке исбилерменликтиң раўажланыўына және де кең жол ашыў, бул тараўдың жаңа тармақларын қәлиплестириў ушын ҳуқықый тийкарларын жетилистириў шешиўши факторлар қатарына киреди.

Усы тийкарда быйылғы «Беккем шаңарақ жылы»нда қабыл етилип турмысқа енгизилген «Шаңарақлық исбилерменлик ҳаққында»ғы Өзбекстан Республикасының Нызамы да усы бағдардағы ис-илажларды жетилистириў менен биргеликте мәмлекетимизде демократиялық реформаларды және де тереңлестириў ҳәм пуқаралық жәмийетин раўажландырыў мақсетиндеги баслы жөнелислер, сондай-ақ, демократиялық базар реформаларын тереңлестириў ҳәм экономиканы либераллластырыў тараўындағы илажларды әмелге асырыў бағдарында да әҳмийетли ҳүжжет болып табылады.

Бул Нызамның тийкарғы мақсети экономиканың түрли тараўларында киши бизнес ҳәм жеке исбилерменликтиң ең әҳмийетли формасы есапланатуғын шаңарақлық исбилерменликти раўажландырыў ушын зәрүр нызамлы тийкар жаратыў, шаңарақлық бизнес ушын ҳуқықый кепилликлерди күшейтиў ҳәм жаңа жумыс орынларын жаратыўдан ибарат. Ал, нызамның тийкарғы мазмуны болса - шаңарақлы кәрханалар деп аталатуғын хожалық жумысларының жаңа шөлкемлестириў-ҳуқықый формасын турмысымызға енгизиў ҳәм олардың жумыс тараўларын белгилеў; шаңарақлық қәрхана қатнасыўшыларын анық тәрийплеп бериў; шаңарақлық кәрханаларды дизимнен өткериў ҳәм оны бийкарлаўдың анық механизмлерин белгилеў; шаңарақлық кәрхананың инфрадүзилмеге жалғаныў, байланысыў, оннан пайдаланыў механизмин әпиўайыластырыў;

шаңарақлық кәрханалардың бухгалтериялық есап-китабы ҳәм оларға салық салыў тәртибин әпиўайыластырып бериўден ибарат болып есапланады.

Нызамда белгиленген нормаларға итибар берип қарайтуғын болсақ, онда шаңарақлық исбилерменлик субъектлери бир қатар жеңилликлер менен префенцияларға ийе болған басқа киши бизнес ҳәм жеке исбилерменлик субъектлери менен тең ҳуқықлы субъект сыпатында қаралғанын көремиз.

Бул Нызамның және де әҳмийетли тәреплеринен бири соннан ибарат, онда шаңарақлық кәрхана киши бизнес субъектлери ушын көзде тутылған әпиўайыластырылған тәртипте мәмлекетлик дизимнен өткерилген сәнеден баслап юридикалық тәреп статусына ийе болады. Усының менен биргеликте дизимнен өткериўши уйымлар арза бериўшиге шаңарақлық кәрхана сыпатында мәмлекетлик дизимнен өткериўде оны шөлкемлестириў мақсетке муўапық емес деген бәнелер менен қайтарыўға яки нызам ҳүжжетлеринде көзде тутылмаған қосымшалар талап етиўге ҳақылы емеслиги де айрықша көрсетип өтилген.

Быйылғы «Беккем шаңарақ жылы»нда усы «Шаңарақлық исбилерменлик ҳаққында»ғы ҳәм басқа да ҳуқықый-нормативлик ҳүжжетлер тийкарында Мәмлекетимизде шаңарақлардың абаданлығын тәмийинлеў ҳәм олардың дәрамат дереклерин арттырыў ушын коммерциялық банклер тәрепинен 80 миллиард сумға шамалас, кәсип-өнер колледжлерин пикериўши жаслардың бизнес жойбарларын қаржыландырыў ушын болса 47 миллиард сумға шамалас микрокредитлер ажыратылғанлығын атап өтиўимиз орынлы. Бул банклер тәрепинен елимизде ислеп шығарылған, узақ мүддетли пайдаланатуғын өнимлер, турмыс техникалары ҳәм басқа да үй-руўзыгершилик буйымларын сатып алыў ушын 71 миллиард сумнан артық тутыныў кредитлериниң ажыратылғаны келешегимиз болған жас шаңарақлардың турмыс пәраўанлығын тәмийинлеўде айрықша орын тутады.

Усының менен биргеликте аўыллық жерлерде турмыс хызметин көрсетиў менен шуғылланатуғын жеке исбилерменлердиң үш жыл мүддетке қатаң түрде белгиленген дәрамат салығынан азат етилгенлиги улыўма

мәмлекетимиз көлеминде 40 мыңға шамалас жаңа жумыс орынларын шөлкемлестириўге мүмкиншилик жаратты.

Ал, усы санларды Қарақалпақстан Республикасы көлеминде таллап көретуғын болсақ, өткен дәўирде республикамызда быйылғы жылдың Мәмлекетлик Бағдарламасына муўапық мәмлекетимизди социаллық-экономикалық раўажландырыў бойынша арнаўлы ис-илажлар ислеп шығылды.

Онда тийкарынан 8 бағдар бойынша жумыслар шөлкемлестирилип, оның орынланыўы бойынша 209 млрд 476,7 млн.сумлық қаржы ажыратылып, бул бойынша реже 116,5 пайызға орынланды. Атап айтқанда, соннан бюджет ҳәм бюджеттен тысқары фондлар есабынан 111 млрд 665,3 млн.сум, қәўендерлер ҳәм орынлаўшылардың өз қәрежетлери есабынан 4 млрд 184,7 млн.сум, коммерциялық банклердиң кредитлери есабынан болса 63 млрд 973,2 млн.сум қаржылар ажыратылды.

Соның ишинде шаңарақлық исбилерменликти раўажландырыўға айрықша итибар қаратылып, республикамызда бүгинги күнге шекем 4 мыңнан аслам шаңарақлық исбилерменлик субъектлери мәмлекетлик дизимнен өтип, өзлериниң алдына қойған мақсет ҳәм ўазыйпалары тийкарында нәтийжели жумыс алып барып атырған шаңарақлық исбилерменлик ҳәм өнерментшиликти раўажландырыў, олардың жумысларын ҳәр тәреплеме қоллап-қуўатлаў ҳәм дәслепки қаржы дереклерин қәлиплестириў мақсетинде коммерциялық банклер тәрепинен 2 млрд 277,1 млн.сум муғдарында микро кредитлер ажыратылды.

Буннан тысқары исбилермен ҳаял-қызларды қоллап-қуўатлаў мақсетинде 17 млрд 255 млн.сум муғдарында кредитлер берилди.

Усының нәтийжесинде 4632 жаңа жумыс орынлары жаратылды. Бул көрсеткиш өткен жылға салыстырғанда 550 жумыс орнына зыят болмақта. Бул бағдарда турақлы жумыс пенен бәнт болған пуқараларымыздың басым көпшилигин ҳаял-қызлар менен жаслар қурайтуғынлығын да айрықша атап өтиўимиз орынлы.

Исбилерменликтиң усы түрине жасларымызды кеңнен тартыў мақсетинде быйылғы жылдың өткен дәўиринде республикамыздың барлық қала ҳәм районларындағы орта арнаўлы кәсип-өнер колледжлерин пикериў-ши жасларымызға өз бизнеслерин жолға қойыў ушын 1 млрд 500 млн.сум, ал жас шаңарақлардың исбилерменлик жумысларын қаржыландырыў мақсетинде 4 млрд 64,7 млн.сумлық кредит қаржылары ажыратылды.

Сондай-ақ жеке жәрдемши ҳәм дийхан хожалықларына ири шақлы қара маллар сатып алыў ушын өткен дәўирде 2 млрд 681 млн.сумлық ал теплицаларды шөлкемлестириў мақсетинде 1 млрд 467 млн. сум муғдарында кредитлер ажыратылды.

Киши исбилерменлик субъектлери ушын басланғыш капиталды қәлиплестириў мақсетинде Германияның Халықаралық шериклик бойынша Аманат кассалары қоры тәрепинен 26 мың Евро муғдарында микрокредитлер берилди.

Ҳаял-қызлардың социаллық ҳәм турмыслық шараятларын және де жақсылаў, социаллық қоллап-қуўатлаў бойынша арнаўлы Бағдарлама ислеп шығылып бул бойынша коммерциялық банклер тәрепинен 3 млрд 89 млн. сумлық тутыныў кредитлери ажыратылды.

Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2012-жыл 17-апрельдеги «Шаңарақлардың социаллық-турмыслық шараятларын жақсылаў-ға байланыслы қосымша ис-илажлары ҳаққында»ғы 111-санлы қарары қабыл етилген еди. Усы қарар тийкарында ҳәзирги күнде республикамыздың Төрткүл, Әмиўдәрья, Елликқала ҳәм Хожели районларында кир жуўыў кәрханаларын шөлкемлестириў бойынша мақсетли жумыслар алып барылмақта.

Буннан тысқары, бүгинги күнниң ең әҳмийетли мәселелери бири есапланған жаслар арасында исбилерменликти раўажландырыў, кәсип-өнер коллежлери ҳәм академиялық лицей питкериўшилерин, жоқары оқыў орынларында билим алып атырған жаслар ушын «Жас исбилермен ел-журт таянышы», «Мениң бизнес режем» атамасында таңлаўлар

шөлкемлестирилип, онда өзиниң бизнес жойбарлары менен жеңимпаз болған жасларға жеңиллетилген кредитлер ажыратылып келинбекте.

Бүгинги күнде өзиниң шаңарақлық бизнесин нәтийжели алып барып атырған исбилерменлик субъектлердиң басым көпшилиги аўыллық елатлы пунктлерде шөлкемлестирилгенлигин инабатқа алсақ, буннан алыс аўыллық аймақлардың турмыс пәраўанлығын арттырыў, ол жерлерде жасап ҳәм мийнет етип атырған халыққа да мүнәсип турмыслық хызмет көрсетиў ислериниң кең дәрежеде жолға қойылып атырғанлығын айтып өтиўимиз ҳәм ең тийкарғысы шетки аймақларда да бәнтлик мәселеси өзиниң унамлы шешимин таўып атырғанлығы бул бағдардағы ис-илажлардың әмелий нәтийжеси болып есапланады.

## 2.3. Халықтың абаданлығын арттырыўда олардың бәнтлилигин тәмийинлеўдиң әҳмийети

Өзбекстан Республикасы Президенти И.А.Каримовтың Өзбекстан Республикасы Конституциясының 20 жыллығына бағышланған салтанатлы мәжилисиндеги «Инсән мәпи, ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеў, турмысымыздың еледе еркин ҳәм абат болыўына ерисиў – бизиң баслы мақсетимиз» атамасындағы баянатында «Абад турмыс жылы» Мәмлекетлик дәстүриниң екинши бағдары сыпатында халықтың абаданлығын арттырыў белгиленилген. Бунда тийкарғы мәселелердиң бири халықтың турақлы жумыс орны менен бәнтлилигин тәмийинлеў жүдә әҳмийетли роль ойнайды. Бүгинги Конде мийнетке жарамлы халықтың бәнтлилигин тәмийинлеў мақсетинде жаңа жумыс орынларын жаратып атырған жумыс бериўшилер хошаметленилмекте, оларға салық, кредит ҳәм басқа мәселелерде жеңилликлер берилмекте; мийне базарында жумысшы күши сапасы ҳәм бәсекиге шыдамлылығын арттырыў иләжлары көрилмекте; Халықты жумыс пенен тәмийинлеўдиң ең нәтийжели қуралларынан болван киши бізнес, жеке исбилерменлик, ири кәрханалардан үйге алып ислеў, хызмет көрсетиў ҳәм сервис саласы еледе жеделирек пәтлер мене раўажландырылмақта; халықтың социаллық жәрдемге мүтәж болван қатламлары материаллық жақтан қоллап-қуўатланылмақта, олар ушын жумыс орынларын квоталаў тәртиби жолға қойылды; мәмлекетлик ҳәм жергиликли бюджет қаржылары есабынан ўақытша ҳәм жәмийетлик жумыслары шөлкемлестирилип атыр; сыртқы ҳәм ишки миграцияны тәртипке салыўға тибар күшейтирилмекте.

Мәмлекетимизде мийнетке жарамлы халықтың бәнтлигин тәмийинлеў мақсетинде ҳәр жылы жаңа жумыс орынлары жаратылып атыр. Атап айтқанда, 2013-жылда 972,7 мың жаңа жумыс орынларын шөлкемлестириў нәзерде тутылмақта[10]. Бул жумыс орынлары жаңа ири санаат объектлерин иске түсириў, ислеп турған кәрханаларды реконструкція қылыў ҳәм кеңейтириў, киши бізнес, жеке ҳәм шаңәрақлық исбилерменликты, хызмет

[10] 2013-жылда жумыс орнын шөлкемлестириў ҳәм халықтың бәнтлилигин тәмийинлеў Мәмлекетлик дәстүри

көрсетиў ҳәм сервис салаларын раўажландырыўды буннан былайда хошаметлеў, ири кәрханалардан үйге алып ислеў имкәниятларын, соның ишинде ири кәрханалар мене кооперацияласқан үйге алып ислеў имкәниятларын күшейтиўдиң есабынан шөлкемлестириледи.

Өндирислик ҳәм социаллық сала же терли дәрежеде раўажланбаған, жумыссызлық дәрежеси салыстырмалы ҳалда жоқары болван таў алды ҳәм шагара аймақларында жайласқан 28 узақ районларға айрықша тибар бериліди.

2013-жылда жумыс болатуғын мүтәжлик параметрлери мийнет базарындағы жумысшы күшине болған талап ҳәм усыныс балансына, соның ишинде демографиялық аҳўалға, миграция процесслерине тәсир көрсететуғын социаллық-экономикалық раўажланыў факторлары ҳәм принциплерин, экономикадағы қурамлылық өзгерислер, сапаат, инфраструктура, инвестиция, монетар ҳәм фискал сиясат иләжларының тәсирин анализлеў негизинде белгиленген.

2-кесте

Өзбекстан Республикасында мийнет ресурсларының перспективалық көрсеткишлери, мың адам[11]

| қ/№ | Көрсеткишлер | 2013-жыл | 2014-жыл | 2015-жыл |
|---|---|---|---|---|
| 1 | Мийнет ресурслары саны | 17365,5 | 17841,0 | 18329,5 |
| 2 | Экономикалық жақтан белсенди халықтың саны | 12929,9 | 13275,8 | 13658,0 |
| 3 | Жумыс пенен бәнт халық саны | 12303,1 | 12644,2 | 13014,1 |
| 4 | Жумыссызлар саны | 626,8 | 631,6 | 643,9 |
| 5 | Жумыссызлық дәрежеси, процентте | 4,8 | 4,8 | 4,7 |

Жумыс орынларына болван мүтәжлилик демографиялық фактор сезилерли ҳәм тиккелей тәсир өткизиўди даўам еттирмекте. 1985-1990-жылларды туўылыўшылық жоқары дәрежеде болып, сол дәўирде 37 промиллени қурағаны, яғный ҳәзирги ўақыттағыға салыстырғанда 1,7 есеге

[11] Өзбекстан Республикасы мийнет ҳәм халықты социаллық қорғаў министрлиги мағлыўматлары

көп болғаны нәтийжесинде мийнетке жарамлы жасқа кирип атырған халықтың тез өсиў пәтлери сақланып қалмақта (2-кесте).

2- кестеден көринип турғанындай, 2013-2015-жылларда Мийнет ресурслары саны 17365,5 мың адамнан 18329,5 мың адамға көбейеди. Бул дәўирлерде экономикалық жақтан белсенди халықтың саны 6,1 процентке көбейеди ҳәм прогноз қылынып атырған дәўирде оның мийнет ресурслары қурамындағы леси 74,3 проценттен 74,5 процентке артады.

3-кесте

Өзбекстан Республикасында жаңа жумыс орынларын жаратыўға болван мүтәжлик прогнозы, мың адам[12]

| қ/№ | Көрсеткишлер | 2013-ж | 2014-ж | 2015-ж |
|---|---|---|---|---|
| **I** | **Жаңа жумыс орынларына мүтәжлик, жәми** | **1215,6** | **1222,6** | **1275,4** |
| 1.1. | Мийнет базарында биринши ирет қатнасатуғын шақслар саны | 575,8 | 573,3 | 613,7 |
| | Солардан питкериўшилер: | | | |
| | -академиялық лицейлер | 17,8 | 13,4 | 13,1 |
| | -кәсип-өнер колледжлери | 493,3 | 501,1 | 540,6 |
| | Жоқары оқыў орынлары | 58,3 | 58,8 | 60,0 |
| 1.2. | Жумысқа жайласыўға мүтәж, жумыс пенен бәнт болмаған халық саны | 622,0 | 631,6 | 643,9 |
| | Соннан қайтып келген мигрантлар саны | 37,3 | 36,5 | 35,8 |
| 1.3. | Басқалар (мүддетли әскерий хызметтен қайтқанлар, жазаны өтеўден азат етилгенлер) | 17,8 | 17,7 | 17,8 |
| II | **жумыс орынларына мүтәжлик, жәми** | 1215,6 | **1222,6** | **1275,4** |
| | Соның ишинде: | | | |
| 2.1. | Хызметкерлердиң тәбийий жумыстан кетиўи (пенсияға шығыў, өлим ҳәм т.б.) нәтийжесинде жумыс орынларының пайда болыўы | 150,0 | 161,0 | 173,0 |
| 2.2. | Мийнет мәкемелерина жумыс бериўшилер тәрепинен берилген бос орынлары саны | 73,0 | 75,0 | 78,0 |
| 2.3. | Жаңадан шөлкемлестирилетуғын жумыс орынларының саны | 992,6 | 986,6 | 1024,4 |

Келешекте жумыс пенен бәнт халық санының көбейиўи бақланылып, 2015-жылға келип 13014,1 мың адамға жетеди. Соның мене бирге, прогноз

[12] Өзбекстан Республикасы мийнет ҳәм халықты социаллық қорғаў министрлиги мағлыўматлары

қылынып атырған дәўирде жумыссызлар саны 626,8 мың адамнан 643,9 мың адамға артады. Бирақ жумыссызлық дәрежеси 2013-жылдағы 4,8 проценттен 2015-жылда 4,7 процентке түсип, он кемейиўи бақланылады.

Демографиялық раўажланыўдың прогноз мағлыўматларына муўапық, мәмлекетимиз мийне базарында жаңа жумыс орынларын жаратыўға болған мүтәжлик артып барады (3-кесте).




3-сүўрет. Халықтың бәнтлигин тәмийинлеў бағдарындағы ўазыйпалар.

Кестеде көринип турғанындай-ақ, 2013-жылда мәмлекетимиз мийнет базарында жумыс пенен бәнт болыў мүтәжлиги прогноз бойынша 1 миллион 215 мың 600 жумыс орнын шөлкемлестиреди, сонна, 575,8 мыңы – билимлендириў мәкемелерин питкериўшилерин жумысқа жайластырыў ушын, 622 мыңы – прогноз дәўириниң басында бәнт болмаған ҳәм жумысқа жайласыўға мүтәж болған жумыссыз халықтың ушын. Бунда 150 мың

хызметкер тәбийий рәўиште шығып кетиўи (пенсияға шығыўы ҳәм т.б.) мүнәсибети менен босатылыўы, сондай-ақ, прогноз дәўириниң басында усыныс етилген 73 мың бос жумыс орнынан пайдаланылыўы күтилмекте.

Бүгинги күнде халықтың бәнтлигин тәмийинлеў бағдарында тийкарғы ўазыйпалар төмендегилерден ибарат (3-сүўрет).

Өзбекстанда әмелге асырылып атырған экономикалық реформалардың ҳәзирги басқышы киши бизнес ҳәм жеке исбилерменликти раўажландырыў, оған кең экономикалық еркинлик бериў менен характерленеди. Усы тәрепинен қарағанымызда, ҳәзирги күнде журтымызда киши бизнес ҳәм жеке исбилерменлик ҳәрекетлерин раўажландырыўға айрықша итибар берилмекте. жумыс Себеби киши бизнес ҳәм жеке исбилерменлик саласын раўажландырыў мәселесине мәмлекетимиз экономикалық сиясатының стратегиялық ўазыйпасы, халықтың пәраўанлығын арттырыў факторы сыпатында қаралмақта.

4-сүўрет**. Киши бизнес ва жеке исбилерменликтиң ЖИӨ деги үлеси, процентте**




Киши бизнес ҳәм жеке исбилерменлик саласына мәмлекет тәрепинен үлкен итибар берилиўи ҳәмде қоллап-қуўатланыўы нәтийжесинде оның мәмлекет жалпы ишки өниминдеги леси жылдан-жылға артып бармақта.

Атап айтқанда, 2000-жылда жалпы ишки өнимниң дерлик 31 проценти экономиканың белсенди раўажланып баратырған усы секторы үлесине туўры келген болса, 2008-жылда бул көрсеткиш 48,2 процентти, 2010-жылда 52,5

процентти, 2011-жылда болса 54 процентти қурады ямаса 2000-жылға салыстырғанда 23 процентке өсти (4-сүўрет).

Мәмлекетимизде жумыс пенен бәнт болған халықтың 74 проценттен арытығы әйне киши бизнес ҳәм жеке исбилерменлик салаларында бәнт болыўы бул салаға итибарды жәнеде күшейтиўди ҳәм соның тийкарында жаңа жумыс орынларын шөлкемлестириў, турақлы дәрамат дәреклерин қәлиплесиўине мүмкиншилик жаратыў зәрүрлигин аңлатады.

Өзбекстан Республикасында фермерлик ҳәрекетин жәнеде раўажландырыўға айрықша тибар қаратылған болып, бул саланы мәмлекет тәрепинен қоллап-қуўатлаў бағдарлары 5-сүўретте келтирилген.




5-сүўрет. Фермер хожалықларын мәмлекетлик қоллап-қуўатлаў бағдарлары

Мәмлекетимизде фермер хожалықларын жәнеде раўажландырыўда тийкарғы тибар аграр салада реформаларды тереңлестириў, өндирислик ҳәм басқарыў процесслеринде базар принциплерин толық қарар таптырыў негизинде аўыллық жерлерде жасаўшы халықтың абаданлығын кескин арттырыўға қаратылмақта.

## III Бап. Аўыл хожалығы экономикасын реформаластырыўда сырт ел инвестицияларының орны

### 3.1. Базар қатнасықлары жағдайында аўыл хожалығын реформаластырыўда сырт ел инвестицияларының зәрүрлиги ҳәм әҳмийети

Аўыл хожалығын турақлы раўажландырыў тармақтың өзине жараса өзгешеликлеринен келип шыққан ҳалда, тийкарғы қуралларды сатып алыў, қайта оңлаў, қурыў ушын узақ мүддетли ва айланба қәрежетлерге сарып етилетуғын қысқа мүддетли инвестицияларды енгизиў пәтлери ҳәм олардың муғдарына байланыслы болып табылады.

Аўыл хожалығында артықмаш раўажланыў тенденциясына ийе болған фермер хожалықларының ис ҳәрекетине унамсыз тәсир көрсетип атырған әҳмийетли факторлардан бири - бул инвестиция қаржыларының жетиспеўшилиги, өндиристи раўажландырыў ҳәм кеңейтиў ушын зәрүр болатуғын материяллық-финанслық қаржылар менен тәмийинленбегенлиги болып табылады. Сол көз-қарастанда, фермер хожалықларын раўажландырыўда, бар болған шөлкемлестириўшилик-техникалық ҳәм ҳуқықый шәрт-шараятлар, ең алды менен, олардың инвестиция белсендилигин асырыўға ҳәм инвестициялық процесслерге белсене енгизиўине байланыслы. Соның ушын ҳәм фермер хожалықларын, олар ис ҳәрекетиниң дәслепки басқишларынан инвестиция процесслерге енгизилиў, олардың ишки қаржылари шекленгенлиги ҳәм жетиспеўшилиги шараятында турақлы ис ҳәрекетин шөлкемлестириўдиң әҳмийетли факторларынан бири есапланады. Аграр тармағының ҳәзирги раўажланыў басқышында сақланып кейятырған тәбийий-экономикалық номутаносибликлар, фермер хожалықларының артықмаш раўажланыўын тәмийинлеўде инвестициялық процесслерди пайда етиўге жаңаша қатнасықта талап етеди. Себеби, фермер хожалықларының дәслепки шаклланиш ҳәм раўажланыў басқышында олардың ишки ис ҳәрекетиндеги әмелий тәжрийбе, қаржы жетиспеўшилиги, жер ресурсларының өнимдарлығын асырыў ҳәм суў ресурсларынан

нәтийжели пайдаланыўда мүмкиншиликлериниң шекленгенлиги, ең алды менен, мәмлекет тәрепинен әмелге асырылатуғын инвестиция сиясатын жетилистириў зәрүриятын келтирип шығарады. Сыртқы, соннан, сырт ел инвестицияларды енгизилиўде жаратылған қулай инвестициялық орталығын жаратылғанлығына қарамай, аграр тармағында олардың үлеси пәслигинше қалмақта.

Аўыл хожалығында инвестиция белсендилигин асырыўда инвестициялық жеңилликлерын қоллап-қуўатлаў жеке ҳәм сырт ел инвесторларын сол процесске енгизилиўде, ен алды менен, олардың материаллық мәпдарлығына унамсыз тәсир көрсетпеген ҳалда, тармақда артықмаш әҳмийетге ийе болған жердиң мелиоративлик жағдайын жақсылаў, суў хожалығы инфраструктурасын қайта ремонтлаў ҳәм раўажландырыў, жаңа агротехнологияларды енгизиў, ишки ҳәм сыртқы инвесторларға жаратылған шәрт-шараятларда кескин қарама-қарсылыққа жол қоймаў ҳәм жеңилликлер экономикалық процесс қатнасыўшыларын толық қанаатландырылыўы  лазым.

Аўыл хожалығына инвестицияларнды енгизилиў машқалаларын шешиў ушын, ен алды менен, тийкарғы итибар, оның басланғыш бууўыны есапланған фермер ҳәм дийқан хожалықларына қаратылыўы, олардың сол процессте енгизилиўиниң ҳуқықый, шөлкемлестириўшилик, экономикалық механизмлери ҳәзирги дәўир талабынан келип шыққан ҳалда жетилистирилиўи керек.

Соның менен бир қатарда аўыл хожалығы товар ислеп шығарыўшылары бәрше тайфаларының инвестиция белсенелиги, олардың басқа тармақлары менен қуралсыз өз-ара байланыслылығы ҳәм инвестиция процесслериниң теңсалмалығын тәмийинлеў бойынша кең көлемде әмелий шара-тадбирлер ислеп шығылыўы лазым.

Аўыл хожалығынng бугунги бар болған инвестициялық белсенелиги ҳәм жозибадорлигини есапқа алған ҳалда оларды төмендеги жөнелислерде әмелде асырыў мақсетинде муўапықдыр:

- □ аграр тармағында инвестицияларды енгизилиўиниң артықмаш жөнелислерин реал шәраятларынан келип шыққан ҳалда анықлаў;
- □ инвестициялық процессин илимий ҳәм әмелий тийкарланған баҳалар дизими менен анықлаў;
- □ жеңилликли кредит, салық ҳәм амортизация сиясатын әмелге асырыў;
- □ лизинг қатнасықларын жетилистириў ҳәм оннан пайдаланыў ушын қолай шөлкемлестириўшилик-экономикалық шәрт-шараятлар жаратыў;
- □ аймақлар дәрежесинде аўыл хожалығының өзине мәс реал өзгешеликлери толық итибарға алған ҳалда жойбарлар ислеп шығарыўды әмелге асырыў;
- □ кәрханалар, атап айтқанда, фермер хўжалиқлар дәрежесинде ис ҳәрекетин шөлкемлестириўде бизнес-режелер ислеп шығыўды жетилистириў ҳәм онда инвестиция ис ҳәрекетин тийкарлаў, финансластырыў дереклерин анықлаў кибилер.

Инвестиция белсендилигин ҳәм оның нәтийжелигин асырыў ушын жоқарыда атап өтилген шара-тадбирлер, ең алды менен, экономикалық, социаллық ҳәм экологиялық болжаўларына тийкарланыўы лазым.

Себеби, аграр тармағында инвестицияларды енгизилиўден жоқары нәтийжеге ерисиўде тек ғана экономикалық, бәлким социаллық ҳәм экологиялық түрлери ҳәм әҳмийетли ойнайди. Соның ушын ҳәм аўыл хожалығында ислеп шығаратуғын инвестиция дәстурлери ҳәм де жойбарлары экономикалық-социаллық ҳәм экологиялық жөнелтирилген болыўы лазым.

Ақырғы нәтийжеде аўыл хожалығына енгизилетуғин инвестициялар тек тармақта өндиристиң нәтийжелигин арттырыў ғана емес, ал турақлы раўажланыўына ерисиў, сондай-ақ экологиялық жақтан таза ҳәм сыпатлы өним ислеп шығарыў, аграр тармақ экспорт потенциалын асырыўға, ишки ҳәм сыртқы базарын сыпатлы, бәсекеге шыдамлы аўыл хожалығы өнимлери менен толтырыўға ҳәм де атырап-оталығын жақсылаўға алып келеди.

Ўзбекстан Республикасына, соннан, тармақ раўажланыўи ушын сырт ел инвестицияларын енгизбестен, соннан, аўыл хожалығындай жетекши тараўда сырт ел капиталы қатнасыўын кеңейтирмей турып, экономикамызда қурамлық өзгерислерди әмелге асырыў ҳәм модернизациялаў, хожалық жүргизиўши субъектлеримизди заманагөй техника ҳәм де үскенелер менен тәмийинлеў, сондай-ақшунингдек, бәсекеге шыдамлы өним ислеп шығарыў ҳәм де экспорт қылыў жүдә ҳәм қурамалы мәселедир. Демек усы мәселеге Республикамыз Президенти И.А.Каримов айрықша тоқтап өтип, "Бәршемиз әпиўайы бир ҳақыйқатты жақсы аңлап алыўымыз лазым- инвестицияларсиз модернизация ҳәм, жаңаланыў ҳәм болмайды" – деп атап өткенлиги бийкардан-бийкарға емес.

Мәмлекетимизде алып барылып атырған экономикалық реформалардың ҳәзирги басқыш аўыл-хожалығын жәнеде раўажландырыў, сырт ел инвестицияларын кырытыў арқалы өндиристи заманагөй технология ҳәм әспаб-үскенелер менен тәмийинлеў ҳәм модернизациялаў ҳәмде таза қуўатларын пайда етиў, шийки-зат ресурсларын тереңирек қайта ислеў нәтийжесинеде экспортқа жөнелтириў ҳәм импорт орнын басатуғын тайяр өнимлер өндирисин раўажландырыўдан ибарат.

Сырт ел инвесторларын енгизилиў шерикликтиң перспективалы жойбарларын әмелге асырыў, жаңа заманагөй техника, технологияларды енгизиў тийкарында ислеп шығарылып атырған өнимлеримиздиң сапасын дүнья жүзи базарларының талабы дәрежесине көтериўге имкәниятлар жаратады.

Сырт ел инвестициялар қатнасыўында пайда етип атырған қоспа кәрханаларды мәмлекетимиздеги артықша жумысшы күши бар болған аймақлар, сонлықтан, аўыл орынларына жайластырыў, олар тәрепинен жетилистирилген аўыл-хожалық өнимлеримизди қайта ислеў ҳәмде өндиристиң ҳәмме басқышларынан өтеген товарларды экспорт қылыў, әсиресе жоқары нәтийже бермекте.

Дүнья жүзилик финанслық-экономикалық кризиси нәтийжесинде барған сайын күшейип баратырған бәсеке орталығын ҳәмде үзликсиз рәўиште пәсейип баратырған базар талаплары өндиристи модернизация етиў, оны техникалық ҳәм технологиялық тәрептен жаңаланып барыўын тәмийинлеў, жаңа заманагөй кәрханалар қурыў, үлкен муғудардағы капиталлар енгизиўин билдиреди. Сол ўазыйпаларды шешиў ушын бир қатар шара - иләжлар ислеп шығылған, яғный сырт ел инвесторлары ушын белгиленген жеңилликлер солардың қатарынан болып табылады. Сол жеңилликлер нәтийжесинде:

• Дүнья жүзи базары талапларына жуўап беретуғын сапалы өнимлер ислеп шығарыў имканияты жаратылды;

• яғный ис орынларын жаратыў арқалы социаллық-экономикалық машқалалар шешеилежи;

• таяр өнимлерди экспорт қылыныўы нәтийжесинде мәмлекет валюта резервлери артады;

• хожалық жүргизиўши субъектлер экономикалық турақлылығын жақсылаўға алып келеди.

Жуўмақлаў иретинде айтатуғын бўлсақ, мәмлекетимизде сырт ел инвестицияларын енгизиў арқалы аўыл хожалығын жәнеде раўажландырар екенбиз, усы бағдар бойынша төмендегилерге айрықша итибар қаратыўымыз мақсетке муўапық есаплайман.

• енгизилип атырған инвестицияларни аўыл хожалығына бағдарландырыўда қосымша жеңилликлерди енгизиў;

• усыныс етилген инвестициялық жойбарларды финансластырыўға шекем болған қарежетлерди максимал кемейиттириўге ерисиў;

• кредитлеўдиң нәтийжели усыларынан жәнеде кеңирек пайдаланыў;

• инвестициялық жойбарларды дәслепки ҳәм комплекс экспертизасы бойынша шара - иләжларын ислеп шығыў ҳәмде жәнеде жетилистириў;

• жойбардың техникадық экономикалық тийкарларын ислеўде методикалық ҳәм ҳуқықый көрсетпелер бериў бойынша семинарлар шөлкемлестириў;

• усыныс етилген жойбарларын анализлеў мүддетин жәнеде кемейиттириў мәселелерин шешиў.

Улыўма алғанда, сырт ел инвестициясы мәмлекетимиз экономикасын раўажландырыўдың тийкарғы факторларыдан бири болып табылады. Және сонны айтып өтиў лазым, Өзбекстан экономикасы ушын сырт ел кредитден көре сырт ел инвестициясы файдалыракдыр. Солай екен елимизде сырт ел капитал қойыўшылар ушын қолай шәрт - шараятлар жаратып берген ҳалда, олардың қаржылрынан ақылға муўапық пайдаланыўымыз зәрүр. Әне сондағана Республикамыз экономикасы өзимиз арзу етген дәрежеге ериседи.

2010 жылдың артықмаш ўазыйпаларынан бири бул - тийкарғы жетекши тармақларды модернизация қылыў, техникалық ҳәм технологиялық жаңалаў, транспорт ҳәм инраструктура коммуникацияларды раўажландырыўға қаратылган ири стратегиялық әҳийетге ийе жойбарларды әмелге асырыў ушын белсене инвестициялық сиясатын алып бариыў.

Соның мене бирге, мүлкти меншиклестирип, жеке мүлкшилик минасабетлери раўажланыўи, финанслық қўллап-қуўатлаўға бәрҳулла мүтәж ири аўыл хожалығына жөнелтирилетуғын мәмлекет инвестициялары муғқдары қысқарыўы, нархлар диспаритети, өним жетистириўшилерге шийки зат ҳәм материяллар жеткизип бериў системасының бузылыўы, өндирис қуралларының физикалық ҳәм мораллық жақтан гөнериўи киби факторлар тараў кәрханаларында рентабеллик дәрежеси пәсейиўине алып келеди.

Дүнья тәжрибесине назер тасласак, көп ғана раўажланған мәмлекетлер аўыл хожалығын раўажландырыў ушын үлкен муғдарда қаржылар сарыплайды. Мәселен, Уллы Британияда фермер хожалықларына 1971-жылға шекем көп ғана түрдеги жәрдемлер бийпул көрсетилген. Бул мәмлекетте аўыл хожалығына ҳәзир ҳәм үлкен муғдарда субсидиялар ажыратылмақда.

АҚШда тийкарғы товар ислеп шығарыўшылар ири фермер хожалықлары (жыллық өним сатыў көлеми 100 мың АҚШ долл. ҳәм оннанда артық) есабланады. Бул хожалықларда жер ҳәм имараттың 46,2% и, машина ҳәм

үскенелердиң 44 %и, трактор ҳәм жүк автомобиллердиң 26 %и топланған. Олар жалланба жумысшы күшлериниң (74%), от жемлердиң (78%), минерал төгинлердиң (63%), энергия ресурсларының (57%) тийкарғы қарийдарлары болып есапланады. 96% ке жақын фермер хожалықлары дәрамадларының 50% тен көпшилигин бир өним түрин сатыўдан алыўшы, тар қәнигеликке (тар ҳалда қәнигелестирилген) ийе кәрханалардыр.

Кейинги жылларда финансластырыўда қарыз капиталының салмағы кескин көтерилди. Фермерлерди қаржыландырыўда кредитлер жыллык үлеси 1950-жылларда 12% ти қураған болса, 1990-жылларда 40% тен асты. Ҳәзирги ўақытта АҚШ аўыл хожалығы кәрханалары өндирислик қарежетлердиң 35% тен 70% ке шекемгиси кредитлер жәрдеминде финансластырылмақта.

Аўыл хожалығына мәмлекет жәрдеминиң әмелдеги қуралы жеңилликллерге ийе салық сиясаты есапланады. Бәрше түрдеги салық төлеўлер фермердиң жыл даўамында ислеген қарежетлериниң орташа 3-5% тин пайда етеди.

Аўыл хожалығы ислеп шығарыўшыларға берилетуғын ссудалар, әдетде, 2 түрге бөлинеди: көшетуғын ҳәм көшпес мүлик ссудалары.

АҚШда фермерлерге ссудалар жер сатып алыў ямаса егислик майданларын кеңейтиў, имарат-қурылмалар қурыў ҳәм оларды ремонтлаў, топырақ өнимдарлығын арттырыў, мелиоративлик жағдайын жақсылаў, сондай-ақ, жер ҳәм суў ресурсларынан мақсетке муўапық ҳалда, нәтийжели пайдаланыўға усағанларға байланыслы иләжлар ушын ажратылады.

Экономикасы тез раўажланып атырған Түслик Корея ҳәм тәбийий ресурслары қыт, ишки базары тар ҳәм раўажланбаған, миллий фондлары кем ҳәм тәжрийбесизлик сезилип турған бир шараятта экономикалық раўажланыў сиясатын тиккелей аўыл хожалығынан баслап қәте қылмаған еди. Сол ўақытта мәмлекет дийқанларын халық тутыныўы ушын зәрүр болған өнимлерди базар баҳаларынан жоқары баҳаларда сатып алыў жолы менен финанслық қоллап-қуўатлап турды. Нәтийжеде дийқанда мәпдарлық жәнеде күшейип, жоқары өнимдарлылық, сапалылық ҳәм дәрамат

тәмийинленилди. Салық системасындағы реформаларда буған өз тәсирин өткизбей қалмайды. 1998-жылға келип, салық ставкасы 23% тин қурады. Өткизилген нәтийжели аграр реформалар нәтийжесинде аўылда социаллық экономикалық турмыс жетилисти. Сол арқалы қала халқы ҳәм мәмлекеттиң социаллық-экономикалық аҳўалында жақсылаўға ерисилди.

Аўыл хожалығы жақсы раўажланған Израйлда да фермер хожалықларын раўажландырыў бойынша бай тәжрийбелер топланған. Бул тәжрийбелерден айырымлары Өзбекстан аўыл хожалығы әмелиятында ҳәм сынап көрилмекде. Мәселен, пахташылықда тамшылатып суўғарыў системасы усылы унамлы нәтийжелер бермекте: тәбияттың бийбаҳа байлығы инәмы болған суўдан ақылға муўапық пайдаланыў, аўыл хожалығы кәрханалары қаржыларын тежестириў, өнимдарлықты жоқарылатыў имканиятлары кенеймекте.

Раўажланған мәлекетлер тәжирийбелерине тийкарланып, Мәмлекетимизде де: -АҚШдағы киби бәрше салық ҳәм мәжбүрий төлеўлер аўыл хожалығы кәрханалары ушын басқа тараў кәрханаларына белгиленгенине қарамастан сезилерли дәрежеде кемейтириўди тәмийинлеў; -Қытай тәжрийбесине тийкарланып, фермер хожалықларын 3–5 жыл мүддетке салықлардан азат қылыў; -аўыл хожалығы кәрханалары финансластырылыўы ушын жөнелтирилген қарыз қаржыларының 50% тен 70% ке дейингиси мәмлекет тәрепинен кепиллик бериў системасын енгизиў мақсетке муўапық болып табылады.

Туўрыдан-туўры сырт ел инвестицияларын енгизиў ҳәм оны раўажландырыў бағдарындағы машқалаларды шешиў бойынша Өзбекстан Республикасында бир қанша унамлы жумыслар әмелге асырылмақта.

Дүнья жүзи мәмлекетлериниң тәжирийбелери соны көрсетеди, колай инвестициялық ықлым (климат) дурыс қәлиплеспестен ҳәм сырт ел инвестицияларын миллий экономикаға белсене енгизбестен турып, базар экономикасына өтип атырған мәмлекетлер дүнья жүзилик экономикалық шериклигине табыслы ҳалда интеграцияласа алмайды. Сырт ел инвестициялары, капитал қарежетлерди топлаў, заманагөй технологиялардан

пайдаланыў имканиятларын жаратыў арқалы миллий инвестиция базарларының қәлиплесиўине көмеклесип ғана қалмастан товар ҳәм хызмет көрсетиў базарларының раўажланыўына да ҳәрекетлендириўши тәсир көрсетеди.

Мәмлекетлер арасында сырт ел инвестицияларын өз миллий экономикасына енгизилиў ушын кескин бәсеке бар. Сол себебли сырт елли инвесторлар көбирек жаратылған инвестициялық ықлым ямаса инвестициялық қолайлылық қайсы мәлекетде артықмашлыққа ийе болса, қысқаша етип айтқанда, олар ушын пайдалырақ болса, әйне усы мәмлекет экономикасына өз инвестициясын киргизиўине қызығады. Бул, базар экономикасының салыстырмалы нәтийжелилик нызамынан келип щығатуғын шешим болып есапланади, яғный қайсы жерде нәтийжелиликке ерисиў (пайда алыў) имкәнияты басқаларға қарағанда жоқары болса, исбилерменлер сол жердеги базарға көбирек талпынады. Сол көз қарастан қарағанда, бүгин Өзбекстан Республикасы базар экономикасына өтип атырған мәмлекетлер арасында ең жоқары инвестициялык орталықты жаратқан мәмлекет болып қалды.

Анализлер соны көрсетеди, Өзбекстан экономикасына жалп етип атырған түрли формадағы инвестициялар ағымы жылдан-жылға асып баратыр. Өтген жыллар даўамында сырт ел валюталарында енгизилген жәми инвестициялар 46,4% тен 53.3% ке шекем өсти. Бундай өсиў пәти ғәрезсизлик жылларындағы ен жоқары көрсеткиш болып есапланади. Әмелдеги баҳаларда болса, экономикаға енгизилген жәми инвестициялар 2008-жылда 22.6 млн. сумды қураған болса, 2009 жылда бул көрсеткиш 79,0 млн. сумға тең болған ямаса сол дәўирде инвестициялардың өсиў пәти 3 есеге асты.ў

Бирақ мәмлекетимиздиң экономикалық сиясаты көбирек туўрыдан-туўры сырт ел инвестицияларының енгизилиўине ҳәм оны хошаметлеўге қаратылған. Себеби, мәмлекетимизде алып барылып атырған реформалар шеңберинде саррас инвесторлардың өзлери тиккелей қатнасыўы есапқа

алынған ҳәм бунның ушын жетерли дәрежеде шәрт-шараятлар бар. Әсиресе, республика аймақларындағы бай минерал-шийки зат ресурслары, жетерли муғдардағы маманлыққа ийе жумысшы күшлери, саў саламат ҳалдағы қоршаған орталық, сиясий, социаллық-экономикалық турақлылық усылардың қатарына киреди. Сол себепли Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2005-жыл 11-апрелдеги Пәрманы[13] туўрыдан-туўры сырт ел инвестицияларының ағымын жәнеде көбейттириўге кең мүмкиншиликлерди береди.

Статистикалық мағлыўматларға қарағанда, Президентимиз Пәрман қабыл етилгенинен баслап республика экономикасына туўрыдан-туўры жеке сырт ел инвестицияларын енгизилиўи кескин артты. Атап айтқанда, енгизилген инвестициялар егер 2006-жылда 15355 АҚШ долларын қураған болса, 2007-жылда 2946, 2008-жылда 16358 ҳәм 2009-жылда 52855 АҚШ долларына тең болды. Сол себепли 2009-жылда экономикамызға туўрыдан-туўры сырт ел инвестицияларын енгизиў 2006-жылдағыға қарағанда 3.4 есеге артты. Бул Пәрманның орынланыўын тәмийинлеў ушын көрилген иләжлардың тәсиршеңлиги, мәмлекетимиз экономикасына сырт ел инвесторларының қызығыўшылығы артып атырғанлығын көрсетеди.

Соныда айрықша атап өтиўимиз зәрүр, бундай унамлы өзгерислер экономикамызға киргизилип атырған сырт ел инвестициялары ва кредитларине ҳүкиметимиз тәрепинен берилип атырған кепилликлер әўелги жыллардағыға салыстырғанда юир қанша дәрежеде кемейген бир ўақытқа туўры келмекте. Егер 2004-жылда ҳүкиметимиз кепилликлери менен экономикаға 54385 АҚШ доллары көлеминде инвестиция киргизилген болса, бул көрсеткиш 2008-жылда 20494 АҚШ долларына, 2009-жылда болса 47531 АҚШ долларына тең болған. 2009-жылда жәми инвестициялардың дерлик 70 проценти экономика тармақлары ҳәм кәрханалары менен туўрыдан-туўры дүзилген шәртнамалар негизинде енгизилген. Бул сырт ел инвесторларының

[13] Ўзбекистон Республикаси Президентининг “Туўрыдан-туўры хусусий сырт ел инвестицияларни жалб этилишини рағбатлантириш борасидаги қўшимча чора-тадбирлар тўғрисида”ги Фармони. // “Халқ сўзи”, 2005 йил 12 апрель.

Өзбекстанда олар ушын жаратылған бизнес орталығына ҳәм кәрханалар кележегине исеними артқанлығын дәлиллеп береди..

Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2009-жыл 6-апрельдеги №1090 санлы Қарары ҳәмде усы қарар менен тастыйықланған “Халық ҳәм хожалық субъеклериниң бос ақшалай қаржыларын коммерциялық банклердеги депозитлерине жәнеде енгизилиўи бойынша косымша шара–илажлар комплекси” шеңберинде банк системасында бул бағдарда алып барылып атырған жоллар жәнеде активлесиўине ерисилди.

Жуўмақ етип айтқанымызда, экономикаға инвестицияларды, соның ишинде, туўрыдан-туўры капиталлардың енгизилиўи көлемин кеңейтиў негизинде қурамлық өзгертиўлерди избе-излик пенен даўам еттириў мәмлекетимизде исбилерменликти, әсиресе, оның киши бизнес формасын артықмаш ҳалда раўажландырыўға, халықтың бәнтлилиги, турмыс дәрежеси ҳәм сапасын жақсылаўға кең мүмкиншиликлер жаратады. Бул, экономиканы турақлы өсиўин тәмийинлеў, санаат тараўларында өндирис көлемлериниң артыўы, кәрханалар ҳәм халықтан алынатуғын түрли салықлар ставкаларын басқышпа-басқыш пәсейтирип барыў, кәрханалардың финанслық аҳўалын жетилистириў, инвестицияларды көбейтиў, жумысшылардың мийнет ҳақы ҳәм дәраматларын жоқарылатыў имкәниятларын еледе кеңейтиреди.

Жоқарыда келтирип өтилген машқалалы мәселелер өз ўақтында ҳәм дурыс шешилсе республикамыз экономикасында әҳмийетли орын тутыўшы аўыл хожалығы жәнеде раўажланады ҳәм бунargued нәтийжесинде аўыл халқының абаданласыўы жақсыланады.

## 3.2. Базар экономикасы шараятында аўыл хожалығын жүргизиў механизмин жеделлестириў факторлары

Қарақалпақстан Республикасы халқының азық – аўқат өнимлерине, санатын шийки затларға болған тутыныў талапларын қанаатландырыўға тек ғана жер – суў ресурсларынан өнимли пайдаланыў ҳәм аўыл хожалығы тараўларын нәтийжели алып барыў тийкарында ғана ерисиў мүмкин.

Базар экономикасы шараятында тек ғана жер – суў ресурсларынан өнимли пайдаланыў емес, ал, өндирислик процессин шөлкемлестириў ушын зәрүр болған басқа өндирислик факторларынан ҳәм нәтийжели пайдаланыўды аңлатады. Базар механизмлерин аўыл хожалығы өндирисинде әмелге асырылыўы гуман жоқ жуўмақлаўшы экономикалық унамлы нәтийжени бериўи керек. Бул аҳўалда өним өндириўдиң өсиўи қосымша өндирислик шығынларына салыстырғанда артықмаш дәрежеде болады. Базар экономикалық қатнасықлары шараятында аўыл хожалығы өндирислик ресурсларынан нәтийжели пайдаланыў, ҳәр бир гектар суўғарылатуғын жерлерден, қара мал бас саны есабына кем каржылар сарыплаў ҳәм жоқары зүрәәт алыў, өним өндириў, пайданы көбейтиў, өндиристиң нәтийжелигин арттырыў ушын тийкарғы зәрүр болған шәрт – шараятлар есапланады.

Усы мақсетти әмелге асырыў ушы төмендеги ўазыйпаларды шешиў әҳмийетли болып есапланады:

- базар экономикасы шараятындан келип шыққан ҳалда өндирислик ҳәм материаллық ресурслардан пайдаланыў нәтийжелигин арттырыў ҳәм хожалықты жүргизиў механизмлери шәртлерин көрсетип бериў;
- аграр секторды қайта қурыўда мүликшиликтиң экономикалық қатнасықларын анализлеў ҳәм мүликшилик пайларын анықлаў методологиясын үйрениў;
- базар экономикасы шараятында экономиканы мәмлекет тәрепинен басқарыўдың тийкарғы бағдарларын анықлаў;

- жер – суў ресурсларынан пайдаланыўдың ҳәзирги аўҳалын, аўыл хожалығы тармақларын анализлеў ҳәм перспективада зүрәәтлиликтиң өсип барыўы бойынша усыныслар ислеп шығыў;

- аўыл хожалығында материаллық – техникалық хорларының қәлиплесиўи ҳәм сыпаты жағынан өзгериўи өзгешеликлерин көрсетип бериў;

- тийкарғы ҳәм айланыс фондлар ортасындағы альтернативалық салыстырмалық, өндирислик процентлериниң нәтийжелигин арттырыў резервлери ҳәм оның өндирис нәтийлигине тәсирин анықлаў;

- өндирис процессинде мийнет ресурсларының қәлиплесиўине, нәтийжели пайдаланыўға баҳа бериў ҳәм жумысшы күшлеринен нәтийжели пайдаланыў жәнеде мийнет өнимдарлығын арттырыў резервлерин анықлаў;

- базар экономикасы шараятында артықмашлыққа ийе өндирис күшлерин анықлаў ҳәм оларды жумыс пенен тәмийинлеў бойынша усыныслар ислеп шығыў;

- ири товар өндирисиниң майда фермер ҳәм дийхан товар хожалықлары менен өз-ара байланыслығын, өндирис резервлеринен нәтийжели пайдаланыў ҳәм өндиристиң нәтийжелилигине олардың тәсирин тийкарлап бериў;

- өндирис ҳәм өндирис ресурсларын нәтийжелилигине өнимниң өзине түсер баҳасы ҳәм өним сапасының тәсирин анықлаў;

- аўыл хожалығы кәрханалары менен санаат кәрханалары ортасындағы экономикалық қатнасықларды жетилистирилиў ушын усыныслар ислеп шығыў;

- кредит қатнасықларын жетилистириў кредит ҳәм лизинг хызметлерин қайтарыўды жеделлестириў ушын усыныслар ислеп шығыў;

- Қарақалпақстан Республикасының экологиялық жағдайын итибарға алған ҳалда улыўмаласқан жер салығын алыўды жетилистириўди тийкарлап бериў;

Базар, бул – товар - ақша қатнасықларында ең тийкарғы элементлерден бири болып есапланады. Товар өндирис ҳәм товар-пул мүнәсибетлериниң объектив ҳалда бар болыўы өз нәўбетинде базардың бар болыўы шәрт

екенлигин аңлатады. Базар – адамлар ортасындағы усақлап сатыў тараўына тийисли социаллық-экономикалық қатнасықлардың жыйындысы болып, әйне базар арқалы товарларды (өнимлерди) сатыў әмелге асырылады ҳәм оларды өндирисге сарпланған мийнеттиң социаллық-пайдалы ҳарактери үзил-кесил атап өтиледи. Базар экономикасына өтиўдиң әҳмийети, ең алды менен, халық хожалығын экономикасы төмен дәрежеде раўажланып атырғанлығы себепли келип шыққан. Пайда болған жағдайдан қутылыўдың жолы – мәмлекет экономиканы раўажландырыўдың еркинлестирилген базар қатнасықларына өткизиў есапланады. Жәмийет пәрәўанлығын базар экономикасы менен тығыз ҳалда байланыслы болып табылады, сондай-ақ базардағы орайлық фигура тутыныўшы болып, ол товарларға болған талапты да өз мүтәжликлерин қанаатландырыў жолын белгилеп береди. Бундай шараятларда болса, өндирис өсип атырған мүтәжликти турақлы түрде қанаатландырыў мақсетин гөзлеп мийнет етеди.

Базар экономикасы – жәмийеттеги реал жағдайдың натуўрылығы болып, онда жоқары нәтийжелер ҳәм әўметсизликлер, жоғалтыўлар ҳәм жеңислери өз көрнисин табады. Базардың ашшы ҳақыйқаты пүткил жәмийетге тийисли болыўы керек.

Базардың тийкарғы ўазыйпалары ҳәм өзине сәйкес қәсийетлерин улыўмалық тәризде төмендегише тәриплеўимиз мүмкин:

– базар өндиристиң, яғный өнимлер көлеми ҳәм қурамын тәртипке салыўшы – регулятор сыпатында хызмет етеди;

– базар товарға, усақлап сатыў тараўына сарыпланған мийнеттиң социаллық-пайдалы ҳарактерин аңлатыўын тәмийинлейди. Тек ғана базарда өндиристиң қандай шәрт-шараятлары социаллық зәрүр екенлиги, товар муғдары анықланады;

– базар өним сапасының жақсыланыўына, бәсекилес болыўына, қарыйдарлардың мүтәжликлерин қандырыўға умтылады;

– базар өним суммасының турақлылығына көмеклеседи. Өнимлерге болған мүтәжлик ҳәм оларды усыныс етиў ортасындағы қатнасықтың

белгили дәрежеде тең салмақлылығын орнатылады, бундай жағдайларда баҳа мәселесинде теңликке ерисиледи;

– базар өндирислик шығынларын, өнимниң өзине түсер баҳасын кемейтириўге көмеклеседи. Өнимниң пайда менен сатылыўы ушын базар товар өндириўшилерди өнимниң өзине түсер баҳасын, иләжы барынша баҳасын пәсейтириўге ҳәрекет етеди;

– базар жаңа түрдеги раўажланыў процесслерин жеделлестириўге көмеклеседи, илимниң жетискенликлеринен ҳәм жоқары технологиялардан пайдаланғанда ғана өним өнидирисин көбейтиў, оның сапасын жақсылаў ҳәм өнимниң өзине түсер баҳасын кемейтиў мүмкин;

– базар социаллық машқалаларды шешиўге жәрдемлеседи, сондай-ақ, ҳәр бир инсан өз уқыбын, қәбилетин ҳәм қәлеўин әмелге асырыўы ушын имкәният жаратып береди. Әйне усы ўақытта базардың унамсыз қағыйдасы бар: «турмысың жаманласқан болса, тек ғана өзиңе өкпеле»;

– базар товар өндирислери мийнеттиң халық - аралық бөлистирилиўи системасына қосылыўлары, дүнья жүзи хожалығының экономикалық системасы менен тәбийий ҳалда уйғынласыўлары ушын имканият жаратып береди. Ақырғы нәтийжеде базар нормал ҳалда мийнет етип атырған ҳәр бир товар өндириўшиниң пайда алыўын тәмийинлейди;

– базардың үйретип өтилген ўазыйпалары ҳәм өзине тән қәсийетлери А.Смитге өз ўақтында “пинҳаный қол”, яғный базардың социаллық қайта өндириси бәрше процесслерге бир қарағанда көз илмейтуғын дәрежедеги тәсири ҳаққында пикир билдириў мүмкиншилигин берген.

Базар экономикасының раўажланғанлығы – шахс ҳәр тәреплеме өзин көрсетиўи, инсанның исбилерменлик қәбилети ушын имканиятлар жаратыў, мүликшиликтиң бәрше формаларын ҳуқықый қорғаўы ушын шәрт-шараятлар жаратыўда пайда болады.

Базар экономикасы – өзиниң объектив нызамлылықлары ҳәм өз бетинше орынлаўшысына ийе болған товар өндириси деп аталатуғын үлкен тармақтың белсенди элементи болып табылады. Әйне базар мүликшилик

формаларын таңлаў ҳәм оларға ислеў бериў, инвестиция структурасын жөнелтиў, тармақлар аралық байланысларды раўажландырыў арқалы товар-пул қатнасықларын раўажландырыў катализаторы сыпатында пайда болады. Базардың жоқарыдағыларға усағанларының бәршеси, товар-пул қатнасықлары қәлиплесиўиниң пүткил процессии тутыныўшыда, оның мүтәжликлерин раўажландырыў ҳәм қанаатландырыўда өз көрнисин табады.

"Базар экономикасы" түсиниги үш элементти өз ишине алады, булар: тәртипке салынбайтуғын усыныс (өндирислик еркинлик), тәртипке салынбайтуғын мүтәжлик (сатып алыў еркинлиги) жәнеде мүтәжлик ҳәм усынысты теңлестирип турыўшы тәртипке салынбайтуғын баҳа. Болжаўлар соны көрсетеди, элементлердиң биреўи болмаса ҳәм толық ҳалында базар болмайды ҳәм болыўыда мүмкин емес.

Раўажланған базар қатнасығы шәрт-шараятларында кәрхана ҳәм мәмлекет ортасындағы, сондай-ақ кәрханалар ортасындағы өз-ара қатнасықлар ҳәм байланыслар түпкиликли ҳалда өзгереди. Кәрханалар мәмлекетлик органларына админстративлик тәртипде бойсындырыўға тийкарланған ҳәм олардың ғәрессизлигин шеклеп қоятуғын вертикал қатнасықлар ҳәм байланыслар, әдетке айланған жоқарыдан төменге қарай бағдарланылған байланыс ҳәм мағлыўматлар системасының орнын кәрханалар ортасындағы горизонтал қатнасықлар ҳәм байланыслар яғный базар экономикасы қағыйдалары себепли әмелге асырылатуғын тең ҳуқықлы шерикшилик қатнасықлары ийелейди (1-сүўрет).

Хожалықты жүргизиў базар механизмин админстративлик-режели механизмнен үстемликлери ҳаққында америкалық ири экономист Д.Гельберт жүдә орынлы пикир билдирген. Оның айтыўынша, базардың өзине сәйкес қәсийетлери сондай, ол белгили баҳа жәрдеминде усыныс ҳәм мүтәжлиликти теңлестиреди. Мүтәжликке қарағанда артықша усыныс пайда болыўы менен-ақ, баҳаны түсириў арқалы қарыйдарлар ушын хошаметлеў факторы жаратылды, усыныс шекленип, сол арқалы артықша товарларға жол қойылмайды; солай етип, қысқа ўақыт даўамында товарлар қытшылығы

сезилип қалса, баҳаның асырылыўы ақыбетинде товар жеткизип бериўши хошаметлеў факторына ийе болады, қарыйдарлардың белсендилиги пәсейип, сол арқалы товарлардың жетиспеўшилиги сапластырылады.

1-сүўрет. Аўыл хожалығы кәрханасының жумыс альп барыўда әмел қылған базар механизмлери шараятларындағы хызмети

| Хызмет түрлери | Әмел қылған механизм | Базар механизми |
|---|---|---|
| 1. Өнимлер өндириси | Мәмлекет режеси | Өндирислик хызметти еркин таңлаў, пахта ҳәм дәнге берилген мәмлекетлик буйыртпасынан тысқары. |
| 2. Капитал қаржыларды финансластырыў дереклери | Мәлекет бюджетинен финансластырыў, өз дереклери | Өз қаржылары (пайда ҳәм басқалар), банклер кредитлери, инвестициялар |
| 3. Өндирис қуралларын сатып алыў | Лимитлер ҳәм фондлар бойынша бөлистириў | Өндирислик қуралларды базарда туўрыдан-туўры шәртнамалар бойынша еркин таңлаў |
| 4. Мийнетге ҳақы төлеў | Мәмлекетлик баҳалар, тарифлери, мийнет ҳақылары | Мийнеттиң ақырғы нәтийжелери менен байланыслы табыслар |
| 5. Өнимди сатыў | Мәмлекет тәрепинен тутыныўшыларға бириктирип қойыў | Базарда тутыныўшыны еркин таңлаў |
| 6. Өним нарҳлары | Мәмлекет тәрепинен баҳаны белгилеў | Базар, шәртнамалық баҳалар |
| 7. Пайда | Өним баҳасын дифференциялаў арқалы кәрханалар ортасында бөлистириў | Кәрхана ийелигинде қалады (бирден-бир жер салығы ҳәм мәжбүрий төлемлер әмелге асырылғаннан соң) |
| 8.Экономикалық хошаметлеў фондларын қәлиплестириў | Мәмлекетлик нормативлер | Уставқа муўапық пайдадан еркин ҳалда қәлиплестириў |

Базар экономикасын басқарыўдың админстративлик - режели усылларынан үстемлиги негизинде ең демократиялық экономикалық системасы сыпатында ҳәр тәреплеме көзге тасланыўында да пайда болады. Булар төмендегилерден ибарат:

– товар өндирисинде ҳәр бир субъект еркин ҳәм тең имканиятқа ийе болады, яғный тең ҳуқықлы экономикалық шерикке айланады;

– товар-пул базар қатнасықлары жәрдеминде өндирис ҳәм оны реализациялаў ушын социаллық зәрүр қарежетлер талап ҳәм усыныс нызамы тийкарында қәлиплеседи;

– базар турақлы түрде өзгерип баратуғын мүтәжликлердиң ҳәммесин анықлаў имканын береди;

– базар ири мүлик ийелериниң қуўдалаўларынан еркин екенлигин есапқа алатуғын болсақ, ол тутыныўшыдан өндирислик тәрептен баратуғын қарсы байланысты, социаллық өндиристиң әмел қылыўы арқалы нәтийжелери белгиленетуғын байланысты жолға қойыўдың ең демократиялық экономикалық формасы болып табылады;

– базар товар өндириси менен кәрханалар ортасындағы экономикалық қатнасықларды демократластырыўдың гиреўи есапланады.

Мәмлекетимиз көп жыллардан бери ҳәрекет етип атырған ҳақыйқаттан да реал хожалық есап-китабына, анығырақ айтқанда, коммерциялық есап-китапқа, сол себеплы, аўыл хожалығы экономикасындағы есап-китабына тек ғана базарда реализациялнатуғын кең товар-пул қатнасықлары бар болғанда ғана толық ерисиў мүмкин болады.

Соның менен бирге донья жүзи тәжрийбесиниң көрсетиўинше, мәмлекет тәрепинен әмелге асырылатуғын режели тәртипке салыў механизми болмаса, базар экономикасы нәтийжели әмел қыла алмайды. Режеге тийкарланып бәрше нәрселерден ўаз кешип, хызмет жүргизиўге жол қойып болмайды, себеби бундай ҳалда ис тутыў аўыл хожалығы экономиканы раўажландырыўдың теориясы ҳәм әмелиятын алдыңғы өзегине салып қояды. Арадағы парық тек сондай болыўы мүмкин, үзликсиз товар-пул, базар қатнасықларына зыян келтирген ҳалда режели тийкарлардың ролин ҳәм әҳмийетин асырып жиберилген болса, енди керсинше, базар қатнасықларын режели тәртипке салыўдың әҳмийети тийкарсыз рәўиште төменлетип жибериледи.

Базар экономикасы шараятында аўыл хожалығы тараўындағы товар өндирисиниң кең ғәрезсизлиги ҳәм базар қатнасықларының раўажланыўы

шараятларында мәмлекет тәрепинен режелестириў индикатив түрге ийе болыўы, яғный базар салықлар, жеңилликлер, кредитлар, нырқ-баҳа ҳәм басқа соған усаған экономикалық факторлар жәрдеминде тәртипке салып барылыўы экономикалық ҳәм социаллык әҳмийетке ийе. Экономист алымлар П.Самуэльсон ҳәм В.Нордхаус пикиринше, салықлар мәмлекеттиң экономикалық активликке тәсир көрсетиўши тийкарғы қуралы болып, олар арқалы жеке тутыныў ямаса инвестициялар қысқартырылып, социаллық мақсетлер ушын ресурслар жаратып бериледи. Булар қатарына айырым экономикалық хызметин қошаметлеўши салықлар ямаса қыйынластыратуғын салықларда киреди. Америка тәжрийбесине тийкарланған авторлардың айтыўынша, салық ставкалары 50%ден артық болса, адамлар аз ислеп, аз жамғарыўына умтылады ямаса өз хызметлерин “жасырын” экономикаға жөнелтириледи.

Жоқарыда баян етилгенлерге жуўмақ жасап, сондай жуўмаққа келиўимиз мүмкин, аўыл хожалығы экономиканы базар қағыйдалары менен тәртипке салып барыў тийкарынан, бул экономикаға мәмлекеттиң тәсири болса жәрдемши фактор болып есапланады. Булардың жәрдеминде фактордың тийкары индикатив режелестириў ҳәм салық салыўдың ақылға муўапық системасынан ибарат болып, жоқарыдағыдай етип тәртипке салып барыўды белгили шегараларда тек ғана толтырады ҳәм дүзетиўлер киргизеди.

## 3.3. Регионды социаллық-экономикалық раўажландырыўда шаңарақлық исбилерменликтиң әҳмийети

Өзбекстан Республикасы Президенти тәрепинен 2012-жылы 26-апрелде «Шаңарақлық исбилерменлик ҳаққында»ғы Нызамы қабыл етилди. Бул қабыл етилген нызамның тийкарғы мақсети мәмлекетимиз экономикасының түрли тараўларында киши бизнес ҳәм жеке исбилерменликтиң ең әҳмийетли формасы есапланатуғын шаңарақлық исбилерменликти раўажландырыў ушын зәрүрли шөлкемлестириўшилик-ҳуқықый тийкарларын жаратыў, шаңарақлық бизнес ушын ҳуқықый кепилликлерди күшейтиў ҳәм жаңа жумыс орынларын жаратыўдан ибарат.

Шаңарақлық исбилерменлик-бул шаңарақ ағзаларының ықтыярлығына тийкарлан-ған, өзлериниң басламасы ҳәм таўекелшилиги менен, сондай-ақ мал-мүлки бойынша жуўапкерлиги тийкарында дәрамат алыў мақсетинде әмелге асыратуғын биргеликли хызмети болып есапланады. Шаңарақлық исбилерменликти шөлкемлестириў жумыссызларды жумыс менен тәмийинлеўде кем қаржы талап ететуғын ҳәм социаллық жақтан нәтийжели исбилерменлик формаларының бири болып есапланады, сондай-ақ шаңарақлық исбилерменлик мәмлекеттиң жумыссызлар бәнтилигин тәмийинлеў мәселелерин шешиўге жаққыннан жәрдем береди. Шаңарақлық исбилерменлик менен балалы ҳаяллар, оқыўшы жаслар, сондай-ақ исши күши базарында жумыс табыў мүмкиншилиги болмаған шахсларды жумыс менен тәмийинлеў мүмкиншилигин жаратып береди. Бир қатар раўажланған мәмлекетлерде шаңарақлық исбилерменлик жумыстан босаған, өзиниң жасына ҳәм ден саўлығына байланыслы кәсибин өзгертиўге, аўыр физикалық жумыс менен шуғылланыўға болмайтуғын мәмлекетлик кәрханалардың хызметкерлерин жумысқа жайластырыў менен байланыслы болған өткир социаллық мәселени шешиўге жәрдем береди. Шаңарақлық исбилерменлик менен шуғылланыў арқалы ҳәр бир шаңарақ беккемленип барады, шаңарақ ишиндеги өз-ара келиспеўшиликлер кемейеди, олардың социаллық турмыс жағдайлары жақсыланады.

Шаңарақлық исбилерменлик юридикалық тәреп болып шөлкемлестирилген жағдайда, оның шөлкемлестириўшилик-ҳуқықый формасы болып шаңарақлық кәрхана есапланады. Шаңарақлық кәрхана киши бизнес субъектлери ушын көзде тутылған әпиўайыластырылған тәртипте мәмлекетлик дизимнен өткерилген сәнеден баслап юридикалық тәреп статусына ийе болады. Дизимнен өткериўши уйымлар арза бериўшиге шаңарақлық кәрхана сыпатында мәмлекетлик дизимнен өткериўде оны шөлкемлестириў мақсетке муўапық емес деген себеплер менен қайтарыўға яки нызам ҳүжжетлеринде көзде тутылмаған қосымша талаплар белгилеўге ҳақылы емес.

Шаңарақлық кәрхана киши кәрхана статусына ийе болып, оның қатнасыўшылары тәрепинен товарлар өндириў, хызметлер көрсетиў ҳәм сатыўды әмелге асырыў ушын ықтыярлы түрде, шаңарақлық кәрхана қатнасыўшыларының үлеслик ҳәм биргеликтеги мүлкинде болған улыўмалық меншик, сондай-ақ олардың ҳәр бириниң меншиги тийкарында шөлкемлестирилетуғын киши исбилерменлик субъекти болып есапланады.

Шаңарақлық кәрхана қатнасыўшыларының ең кем саны еки адамнан аз болмаўы шәрт. Шаңарақ баслығы, оның әйели (ери), балалары ҳәм ақлықлары, ата-анасы, мийнетке жарамлы жасқа толған басқада туўысқанлары шаңарақлық кәрхана қатнасыўшылары бола алады. Шаңарақлық кәрхана қатнасыўшыларының биреуи оның баслығы болыўы мүмкин, оған шаңарақлық кәрхананың барлық қатнасыўшылары бир аўыздан кәрхана жумысларын жүргизиў бойынша өз атларынан қатнасыў ҳуқықын береди. Мәмлекетлик уйымлардың лаўазымлы хызметкерлери, сондай-ақ нызам ҳүжжетлеринде исбилерменлик жумысы менен шуғылланыў қадаған етилген басқада шахслар шаңарақлық кәрхана қатнасыўшылары болыўы, бир шаңарақлық кәрхананың қатнасыўшысы бир ўақыттың өзинде басқа шаңарақлық кәрхананың қатнасыўшысы болыўы мүмкин емес.

Шаңарақлық кәрхананың устав фонды пул қәрежетлери, қымбат баҳалы қағазлар, басқа мал-мүлк, соның ишинде пул менен баҳаланатуғын мүлкий

ҳуқықлар есабынан шөлкемлестириледи. Шаңараққа тийисли болған жалғыз үйди шаңарақлық кәрхананың устав фондына киргизиў мүмкин емес. Шаңарақлық кәрхананың устав фонды кәрхананы мәмлекетлик дизимнен өткериў ушын ҳүжжетлерди тапсыратуғын сәнедеги нызам ҳүжжетлеринде белгиленген ең кем мийнет ҳақының он есесинен кем муғдарда болмаўы керек. Шаңарақлық кәрхананың устав фонды тек ғана кәрхана қатнасыўшыларының улыўма мал-мүлки есабынан шөлкемлестириледи. Шаңарақлық кәрхана қатнасыўшыларына мүлк ҳуқықы тийкарында ямаса басқада нызамлы тийкарда тийисли болған турақ жайлар ҳәм жасаў ушын ажыратылмаған жайлар, сондай-ақ өндирисик, хожалык биналары ҳәм басқа имаратлар шаңарақлық кәрхана искерлиги әмелге асырылатуғын орын болып есапланады. Шаңарақлық кәрхана қатнасыўшыларына мүлк ҳуқықы тийкарында тийисли болған турақ жайларды шаңарақлық кәрхана ислерин жүргизиў мақсетинде пайдаланыўда, оларды жасаў ушын ажыратылмаған жайларға айландырыў талап етилмейди. Бул берилген жеңилликлер шаңарақлық кәрхананы шөлкемлестириў процессинде жасаў ушын ажыратылмаған жайларды ижараға алыў менен байланыслы болған қәрежетлерди тежеўге ҳәм шаңарақлық кәрхананың пайдасының артыўына алып келеди. Шаңарақлық кәрхана турақ жайдан бир ўакыттың өзинде онда жасап турған ҳалда товарлар өндириў ҳәм хызметлер көрсетиў ушын пайдаланған жағдайда, коммуналлық хызмет ҳақысын төлеў халық ушын белгиленген тарифлер бойынша ҳәм шәртлер тийкарында әмелге асырылады.

Шаңарақлық кәрхана қатнасыўшыларының жеке мийнетин әмелге асырыў шәртлери олар арасындағы келисим тийкарында белгиленеди. Шаңарақлық кәрхананың жалланба хызметкери арасындағы мийнет қатнасықлары оның менен дүзилген мийнет шәртнамасы (контракт) тийкарында тәртипке салынады. Шаңарақлық кәрхананың пайдасы салықлар ҳәм басқада мәжбүрий төлемлерди төлегеннен кейин қатнасыўшылардың ықтиярына өткериледи. Шаңарақлық кәрхана өзиниң мийнет ҳақы фондынан социаллық фондларға нызам ҳүжжетлеринде нәзерде тутылған тәртипте

мәжбүрий төлемлер төлейди. Кәрхана өзи ислеп шығарған халық көркем өнерментшилиги ҳәм әмелий санаат буйымларын сатыўда, оннан түскен түсимлер бойынша бирден бир салық төлемин төлеўден нызам ҳүжжетлеринде белгиленген тәртипте азат етиледи. Республикада шаңарақлық исбилерменлик ҳәм жеке бизнести раўажландырыў бойынша 2012 жылы даўамында ажыратылған кредитлердиң муғдары 905 миллиард сумды қурады. Жас шаңарақлар ушын үш жылға мөлшерленген 317 миллиард сумға жақын тутыныў кредитлери ажыратылды.

2012-жылы елимизде жас шаңарақлар ушын 2 мың 400 ге жақын квартиралар пайдаланыўға тапсырылды, мыңнан аслам жас шаңарақларға тазадан жай сатып алыў ушын 15 жыллық мүддетке мөлшерленген 210 миллиард сумға жақын жеңиллетилген кредитлер берилди. Олардың абаданлығын ҳәм дәрамат дереклерин асырыў ушын коммерциялык банклер тәрепинен 80 миллиард сумға жақын, кәсип-өнер колледжлери питкериўшилериниң бизнес проектлерин финанс менен тәмийинлеў ушын 47 миллиард сум муғдарында микрокредитлер ажыратылды. Аўыллық жерлерде турмыс жағынан хызмет көрсетиў ислери менен шуғылланыўшы жеке тәртиптеги исбилерменлер үш жыл мүддетке салықлардан азат етилди ҳәм 40 мыңға жақын ис орынлары шөлкемлестирилди. Сондай-ақ жәрдемге мүтаж болған шаңарқларға 8 мың 600 ден зыят қара маллар ҳәм 1 миллион 900 мыңға жақын үй қуслары тарқатылып берилди.

Қабыл етилген нызамға сәйкес республиканың барлық орынларында шаңарақлық бизнести раўажландырыў бойынша барлық қолайлы шәраятлар жаратылған, олардың үстинлигин тәмийинлеўге қаратылған ҳуқықый ҳүжжетлердиң жетилистирилиўи тийка-рында олардың ҳуқықый кепилликлери тәмийинленген, оларға киши бизнес субъекти сыпатында кеңирек еркинликлер берилген, шаңарақлық бизнести раўажландырыў бойынша анық мақсетлерге бағдарланған ис-илажлары комплекси ислеп шығылған.

Жуўмақлап айтқанда, регионды социаллық-экономикалық раўажландырыў шәраятында шаңарақлық бизнестиң базар экономикасы талаплары дәрежесинде раўажланыўы, жаңа жумыс орынларының жаратылыўы, халықтың дәраматлары-ның көбейиўи ҳәм халық пәраўанлығының турақлы түрде өсип барыўына ерисиў имканиятларын жәнеде кеңейтеди. Шаңарақлық бизнести раўажландырыў нәтий-жесинде елимизде қабыл етилген халық бәнтилигин тәмийинлеў ҳәм жаңа жумыс орынларын шөлкемлестириў бойынша мәмлекетлик бағдарламаның орынланыўы тәмийинленеди.

Өзбекстан Республикасы Президенти И.А.Каримовтың «Өзбекстан ғәрезсизликке ерисиў қарсаңында» китабында изертленип өтилгениндей-ақ, бурынғы дүзим дәўириндеги қурамалы машқалаларды шешиў ушын бурынғы Аўқам басшылары тәрепинен ислеп шығылған, бирақ бир-бири менен өз-ара байланыспаған түрли дәстүр ҳәм илажлар да шалама-шәкки әмелге асырылар еди. Республиканың айырым аймақларын социаллық-экономикалық раўажландырыў тараўында жол қойылған қәтелерди дүзетиў ушын Орай тәрепинен әмелде ҳеш қандай ис қылынбады.

Мәмлекетимиз басшысы сол дәўирде жүзеге келген аўҳалдан шығыў жолы сыпатында төмендегилерди белгилеп берди:

- жумыслардың аўҳалына реал баҳа бериў. Республикадағы шараятты жақсылаўдың конкрет ҳәм анық пухта дәстүрин ислеп шығыў;

- турмыстың барлық тараўларында қатаң тәртип ҳәм имтизам ортаныў, басшы кадрларды орыны-орынына дурыс қойыў, оларға талапшаңлықты асырыў.

Республикамыздағы аўҳалды жөнлеў, ўатанласларымыздың дүньяқарасын, бүгинги ҳәм ертеңги күнге болған исенимин беккемлеў ушын дәслеп, олардың экономикалық, материаллық аўҳалын жақсылаў зәрүрлигин терең аңлаған Президентимиз сол дәўирде халық ушын шешиўши әҳмийетке ийе болған жүдә үлкен бир мәселени - адамларға қыйтақ жер бериў

мәселесин күн тәртибине қойды. Бул мәселениң оғада әҳмийетли екенлигин төмендеги жағдайлар арқалы да билип алыў мүмкин еди:

- республика аўылларында жери жоқ шаңарақлар саны – 240 мың;
- турақ-жай қурылыўы ҳәм аўыл хожалығы өнимлерин жетистириў ушын кеңейтирилген мүтәж ҳәўлилер саны – 1,8 миллионнан көбирек;
- тек Ташкент қаласында жер участкасын алыў ушын нәўбетте турған шаңарақлар саны – 92 мыңнан артық еди.

Буның үстине, қалалар, район орайлары ҳәм қала типиндеги посёлкаларда жери жоқлығы себепли мийнеткешлердиң жеке тәртиптеги турақ-жай қурыўға, жәмәәлик рәўиште бағшылық қылыў ҳәм палызшылық пенен шуғылланыўға имканы жоқ еди.

Заманагөй қалада, әсиресе, Ташкент сыяқлы әзим қалада жасаў әпиўайы жасаўды билдирмейди. Ҳәр бир шаңарақ ушын айырықша квартира яки жеке үй болыўы зәрүр. Октябрь, Сабыр Рахимов, Киров районларында 600 мың адам жасап турған квартиралар урыстан алдын қурылған болып, жасаў ушын қолайсыз еди, оларды қайта қурыўдың да илажы болмаған (2 миллион квадрат метрге жақын майданда мине усындай үйлер болған). Бул квартираларда орайлық ысытыў системасы, водопровод, газ ҳәм канализация жоқ, еки-үш ханада бир неше шаңарақ жасап турған, адам басына 2-3 квадрат метр турар жай туўры келген. Егер Ташкентте орта есапта адам басына 14,2 квадрат метр турар жай туўры келсе, гөне қала бөлиминде бул цифр еки есе кем болған. Шама менен 7 мың шаңарақ сондай жасаған, ҳәр бир шаңарақ ағзасына сәлкем 5 квадрат метрден кем майдан туўры келген. Бул - ең әпиўайы турмыс тәмийнаты шәртлерине де жақынласпайды.

Үлкен қаланың нормал турмысын анық пуқта азық-аўқат тәмийнатысыз көз алдымызға келтирип болмайды. Дүканлар ҳәм базарлардағы аўҳал мийнеткешлердиң, пүткил Ташкент халқының ҳақылы рәўиште наразылығын туўдырған. Егер халықты гөш-сүт өнимлери менен тәмийинлеўдеги үзилислерди бир әмеллеп түсиндирип бериў мүмкин болса, қаламыз

базарларында мийўе ҳәм палыз өнимлериниң баҳасы Сибирь ҳәмде Узақ Шығыс дәрежесинде екенин ақлап болмас еди.

Мәселени бир қатар жеңиллестириў ушын республика баспа сөз кооперациясы Ташкент қаласының барлық районларында мийўе-палыз базарларын шөлкемлестирген, бундай базарларда 30 мың тоннадан көбирек аўыл хожалық өнимлери сатылған. Буннан тысқары, «Өзбекбирлесиў», қаладағы тийисли мекемелердиң күш-ғайраты менен аўыл хожалығы өнимлерин келисилген баҳаларда сататуғын 53 дүкан қысқа мүддетте қурып, пайдаланыўға тапсырылған. Мийўе ҳәм палыз өнимлерин сақлаў ҳәм қайта ислеў базасын беккемлеў ушын үлкен илажлар қурылған. Қытай Халық Республикасынан қосымша тәризде картошка сатып алынған.

Ташкент қаласында жасаўшы халыққа бағшылық-жүзимшилик ушын ажыратып берилген участкалар көбейип барған. Бул, өз нәўбетинде азық-аўқат тәмийнатын бир қанша жақсылаўға ҳәм адамлардың бос ўақтын пайдалы ислерге сарыплаўға, адамлардың саламатлығын беккемлеўге хызмет қылған.

Адамлар қандайда бир талап-зәрүрликлерин гөш яки қант-шекер, спиртли ишимлик яки сабын болсын, сол нәрселер менен тәмийинлеўдеги қыйыншылықларды мәлим бир ўақытқа шекем түсиниўи, буған қанаат қылып турыўы мүмкин. Бирақ олар өзлериниң қәўипсизлигинен айырылғанын түсине алмайды, буған тақат ете алмайды. Шаңарақтың, перзентлердиң, жақын адамлардың турмысы ҳәм ден-саўлығы, турақ-жайының қол қатылмаслығының сақланыўына, неше он жыллар даўамында мийнет себепли арттырылған мүлкиниң сақланыўына ҳеш нәрсе кепиллик бермесе олар қандайда бир бийзары, экстремист топарлардың қысымы астында ўайран болса, администраторлар инсан шахсы ҳәм турмысының қол қатылмаслығын тәмийинлемесе, буны ҳүжданлы адам, қабыл ете алмайды.

Ғәрезсизликке ерисиў қарсаңында республикамызда адамлардың турмыс тәмийнаты машқалалары топланып қалған ҳәм олар оғада өткир түс алған еди. Пуқара ҳәкимияттан күтип атырған ең тийкарғы нәрсе – ҳәр бир

адамның жумысқа, турақ-жайға ийе болыўы, азық-аўқат, кийим-кеншек, нормал турмыс ҳәм дем алыў, перзентлерди тәрбиялаў ушын дәрамат излеп таба алыўы менен байланыслы еди. Бул дәўирде дүканларда турмыслық зәрүр өнимлер турмаған, ҳадал мийнет пенен ислеп табылған ақшаға ең әпиўайы нәрселерди нәўбетте узақ турып, жоқары баҳаларда сатып алыўға адамлар мәжбүр болған.

Журтымызда 1989 жыл 17 августта «Аўылда жасаўшы ҳәр бир шаңарақты қыйтақ жер менен тәмийинлеў, оларға жеке тәртипте турақ-жайлар қурыў ушын барлық шарт-шараятларды жаратып бериў ҳаққында» қарар қабыл қылынды. Қарарда аўылда жасаўшы ҳәр бир адамға орташа 25 сотихдан жер ажыратып бериў ҳәм қыйтақ жер майданларын 4,5 есеге көбейтириў көзде тутылған еди.

Бул бойынша әмелий ислер нәтийжесинде 1989-1990 жылларда бир ярым миллионнан көбирек шаңарақларға қосымша жер ажыратылды, 700 мың шаңараққа жаңа қыйтақ жерлери берилди.

Бүгин толық исеним менен айтыў мүмкин, бул қыйын мәселеге әне сондай ақыллылық пенен мүнәсибетте болыў себепли Өзбекстан бойынша мың-мыңлап адамлар турақ-жайлы, жумыслы болды, базарларда өним көбейип, баҳалар арзанласты, ең әҳмийетлиси жәмийетлик кескинликтиң алдын алыўға ерисилди.

Буннан тысқары жүз мыңлап гектар суўғарылатуғын жер техник егинлер айланысынан шығарылды, пахта жетистириў режеси 700 мың тоннаға кемейтирилди. Бул- пахта монополиясын сапластырыў жолындағы дәслепки, бирақ оғада әҳмийетли қәдем еди.

Президентимиз аўыллық жерлерде халық ушын қыйтақ жерлер ажыратыўды кеңейтириў мәселесине бир қанша кең қарап, бул шаралар арқалы көплеп әҳмийетли мәселелерди шешиўди, соның ишинде азық-аўқат дәсүрин атқарыўды көзде тутқан еди. Жеке хожалықтағы жердиң бир гектары жәмәәт секторындағыға салыстырғанда төрт есе көп өним береди.

Жеке жәрдемши хожалықтың бир гектарынан алынатуғын өним 12,5 мың сомды, жәмийетлик секторда болса сәлкем үш мың сомды қурайтуғын еди.

Республикадағы сүрип егилетуғын жерлердиң тек ғана 5 пайызы жеке жәрдемши хожалықларға берилген, олар аўыл хожалығы жалпы өнимлериниң төрттен бир бөлимин ислеп шығармақта еди. Жетистирилип атырған аўыл хожалық өнимлериниң 26 пайызы, сол қатарда, гөштиң 49 пайызы, сүттиң 65 пайызы, жүнниң 66 пайызы ҳәм палыз өнимлериниң 43 пайызы жеке қыйтақлар үлесине туўры келеди. 1990 жылдың өзинде жеке хожалықларда жетистирилген аўыл хожалығы өнимлериниң улыўма көлеми 300 миллион сомнан асқанлығының өзи жер мәселесиндеги қарардың әҳмийетин айқын көрсетеди.

Екиншиден, бул қарар турақ-жай дәстүрин шешиўге жәрдем береди. Жеке тәртипте турақ-жай қурыў өз салмағына көре турақ-жай дәсүринде 60 пайыздан көбирегин қурап, сол дәўирде бул көрсеткиш 89-90 пайыз әтирапында орынланған. Халыққа жер участкалары, ақша ссудалары ҳәм зәрүр қурылыс материалларын ажыратып бериў бул процессти бир қанша тезлестирди.

Үшиншиден, бул қарар жумыссызлық машқаласын шешиўде қол келеди. Мәселен, Ферғана ўәлаятындағы 149 жәмәәт ҳәм мәмлекет хожалығының ҳәр биринде халық пенен шәртнама тийкарында турақ-жай қурыўшы 50-60 адамлық қурылыс бригадасының дүзилиўи есесине 7,5 мың адамды жумыс пенен тәмийинлеў имканияты туўылды. Хорезм ўәлаяты хожалықларында гербиш, қурылыс буйымлары ҳәм басқа нәрселер таярлайтуғын жәрдемши кәрханалардың қурылыўы қурылыс материаллары жетиспеўшилигиниң алдын алыў менен бирге, үш жыл даўамында ислеп шығарыўға қосымша тәризде 2,5 мың адамды жумыс пенен тәмийинлеў имканын берди. Бул адамларды жәмийетлик ислеп шығарыўға тартыўдың туўрыдан-туўры жолы еди.

Төртиншиден, ҳаяллардың жумыс пенен бәнтлиги машқаласын шешиў имканы туўылды. Ҳаяллар жәмийетлик пайдалы мийнет пенен бәнт болмаған

халықтың бир қанша бөлимин қурап, көп балалы шаңарақларда олар балалар тәрбиясы, үй жумыслары менен бәнт еди. Ҳаяллардың өз қыйтақ жерлеринде хожалық пенен рәсмийлестирилген шәртнама, мийнет стажын есаплаў ҳәм кейиншелик пенсия тәмийинлеў тийкарында аўыл хожалығы өнимлерин жетистириўи олардың шаңарақ мәплерине сай келетуғын ис болды.

Бесиншиден, жәмийетлик-сиясий турақлылық мәселеси шешилди. Жумыссызлық, бийкаршылық жәмийет ушын зыянлы қатты-ҳәрекетлерге, жынаятлар болыўына себеп болады. Соған көре, көпшиликтиң кәсип-өнери жоқ, мийнет қылыў көнликпесине ийе болмаған жасларға жер участкаларының ажратып берилиўи оларды мийнет қылыўға, жасларға жерге ийелик етиў туйғысы, мийнет көнликпелери қәлиплести. Сол дәўирде республикамыз аўылларындағы ҳәр бир бес шаңарақтың биреўинде де шарўа малы, 37 пайызында сыйыр, ярымында қой бағылмағаны бул машқаланың сол дәўирде оғада әҳмийетли болғанлығын көрсетеди.

Президентимиз аўыллық жерлерде жасап атырған халықтың турмыс дәрежеси пәслиги, жасаў шараятының аўырлығы, азық-аўқат өнимлери тәмийнатындағы қыйыншылықларды есапқа алған ҳалда әҳмийетли бир усыныс – ҳәр бир шаңарақты сыйыр менен тәмийинлеў мәселесин күн тәртибине қойды. Бул илажды узаққа созбай, 1991-жылдың өзинде аўылларда жасаўшы барлық шаңарақларды сыйыр менен тәмийинлеўге ерисиўдиң төмендеги жолларын көрсетип берди:

- мал сатып алыў ушын арнаўлы кредит бериў,

- жәмәәт падаларынан ҳәр бир шаңараққа бузаў тапсырыў шәрти менен имканы болса, ҳәтте сол шәртсиз де ақшасыз сыйыр бериў.

Мәмлекет халқының абаданлығын асырыў ҳәм мийнеткешлерди социаллық қорғаўдың нәтийжели кепиликлери ҳаққында сөз кетер екен, төмендегилерди айрықша айтып өтиў лазым. Өзбекстан Президентиниң «Республика халқы жеке хожалықлардағы маллар ҳәм қусшылықты от-жем менен тәмийинлеў ҳәм оларға шарўа өнимлерин жетистириўди көбейттириў ҳаққында» ғы 1990-жыл 10 майда қол қойылған Пәрманын орынлаўға

қаратылған қатар қарарлар қабыл қылынды. Сол негизде 1990-жылдың 1-июлинен баслап жәмәәт ҳәм мәмлекет хожалықлары халыққа сататуғын пишен ҳәм ширели от-жемлерди таярлаў режесине қосып есаплай баслады. 1990-жылда жеке хожалықларға сатыў ушын мәмлекет ресурсларынан 400 мың тонна омухта жем ҳәм 60 мың тонна гунжара, 75 мың тонна шигит қабығы, 3,8 мың тонна пуш шигит ҳәм 100,9 мың тонна пиво өнимлери ажыратылды. Жәмәәт ҳәм мәмлекет хожалықларына олар халыққа сататуғын пишен ҳәм ширели от-жемлерди жетистириў ҳәм таярлаўға қылған сарп-қәрежетлердиң 50 пайызы төленди[14].

Соны айрықша айтып өтиў лазым, соған уқсас илажлардың ҳәммеси республика халқына, ең дәслеп аўыл халқына жүдә мақул болды. Ҳақыйқаттанда, жеке жәрдемши хожалықлар ушын ҳәм жеке тәртиптеги турақ-жай қурыў ушын берилип атырған жердиң көбейтирилиўи, сол мақсетте ссудалар көлеми ҳәм қурылыс материалларын сатыўдың көбейиўи сондай илажлар қатарына киреди.

Сондай-ақ аўылда жасайтуғын адамларды жумыс пенен тәмийинлеў бойынша бир қатар тийкарғы бағдарларға итибар қаратыў зәрүрлиги белгилеб берилди (7-сүўретке қараң).

Аўыл халқын тәбиий газ ҳәм ишимлик суў менен тәмийинлеў республика бағдарламасын әмелге асырыў ушын биринши нәўбетте дәрамат ҳәм материаллық ресурсларды сарплаў ҳаққында ҳүкимет қарары қабыл етилди. Аўыл халқын тәбиий газ ҳәм ишимлик суўы менен тәмийинлеў шаралары белгиленген республика бағдарламасының орынланыўы:

-1990 жылда 2200 километрлик суў ҳәм 3000 километрге жақын газ тармақлары иске түсти. Бул болса және 270 мың халықты ишимлик суўы менен, 120 мың шаңарақты болса газ бенен тәмийинлеў имканын берди,

-1991 жылы аўылларда 4 мың километрден аслам газ тармақларын қурыў керек еди. Және 200 мың шаңарақ газ бенен тәмийинлениўи, 5,5 мың километрлик ишимлик суўы трубалары иске түсирилиўи белгиленди.

[14] Шарипов Р.Ш. Ижтимоий ва иқтисодий кафолатлар.-Т.: «Ўзбекистон» 1991.7-8-бетлер.

Қулласы, аўыллық жерлерде жәмийетлик инфраструктура объектлери қурылысы ушын 1 миллиард сумнан зыят капитал дәрамат сарыпланды.




**7-сүўрет**. Аўылда жасайтуғын адамларды жумыс пенен тәмийинлеўдиң тийкарғы бағдарлары.

Сондай-ақ, халықтың, ең дәслеп нагиранлар, оқыўшы ҳәм студентлер, көп балалы шаңарақлар ҳәм басқа дәраматы кем адамларды социаллық қорғаў ушын республика ҳүкимети арнаўлы қарар қабыл етти. Бул қарарда халықтың нырық- баҳаның өсиўи мүнәсебети менен көретуғын зыянын қаплаў көзде тутылған еди. Буннан тысқары, миллий қәсийетлеримиз ҳәм регионымыздың өзине тән шарт-шараятлары да есапқа алынды.

## Жуўмақлаў

## Пайдаланылған әдебиятлар дизими

Өзбекстан Республикасы Ҳүкиметиниң «Аўылда жасаўшы ҳәр бир шаңарақты қыйтақ жер менен тәмийинлеў, оларға жеке тәртипте турақ-жайлар қурыў ушын барлық шарт-шараятларды жаратып бериў ҳаққында»ғы Қарары. 1989 жыл 17 август

Өзбекстан Республикасы Президентиниң «Республика халқы жеке хожалықлардағы маллар ҳәм қусшылықты от-жем менен тәмийинлеў ҳәм оларға шарўа өнимлерин жетистириўди көбейттириў ҳаққында» ғы Пәрманы. 1990-жыл 10 май.

Өзбекстан Республикасы Президентиниң "Өзбекстан Республикасында мәмлекеттиң ийелигинен шығарыў ҳәм меншиклестириў процессин жәнеде раўажландырыўдың артықмаш бағдарлары ҳаққында"ғы Пәрманы 1994-жыл 15-март.

Каримов И.А. 2012 йилда мамлакатимиз ижтимоий иқтисодий ривожлантириш якунлари ҳамда 2013 йилга мўлжалланган иқтисодий дастурнинг энг муҳим устувор йўналишларига бағишланган Вазирлар Маҳкамасининг мажлисидаги маърузаси//Ҳалқ сўзи, 2013 йил 19 январь.

Президент И.А.Каримовнинг Ўзбекистон Республикаси Конституциясининг 20 йиллигига бағишланган тантанали маросимдаги «Инсон манфаати, ҳуқуқ ва эркинликларини таъминлаш, ҳаётимизнинг янада эркин ва обод бўлишига эришиш – бизнинг бош мақсадимиздир» номли маърузаси

Каримов И.А. Дүнья жүзилик финанслық-экономикалық кризиси, Өзбекстан шараятында оны сапластырыўдың жоллары ҳәм илажлары. Т. «Өзбекстан» 2009 56 б, 48б.

Говорин А.А.
Власов В.В.
Комаров М.П.
Нестров Н.А.
Самуэльсон П.

Анискин Ю.П. Организация и управления малым бизнесом. Уч. пособие. Москва 2008 г.
Басенко В.П.
Любимый Я.В.
Усачев И.Г

Ҳусанов Р.Х.
Нигматжанов У.Х.
Чориев Қ.А.
Беркинов Б.Б.
Фарманов Т.

Муҳитдинова У.С.

Ғуломов С. Тадбиркорлик ва кичик бизнес. Ташкент 2002

Ишмухамедов А. ва бошқалар. Бозор иқтисодиёти ва бизнес асослари. Тошкент 2005 й. 144 бет

Касимова М.С., Самадов А.Н. Кичик бизнес ва тадбиркорлик. Тошкент 2005 й.

Тлеубергенов Ш., Назарбаев О. Агроэкономика ҳәм агробизнес тийкарлары. Нөкис Билим 1998-ж. 72 б.

Матекеев А.Қ.

Юсупбаев К.

Убайдуллаев К.

Умаров Е.К.

Исмаилов Қ.С.

Мырзаев Б.Ж. Исбилерменге. Нөкис Билим 2011-ж

Адильчаев Р.Т., Ережепова Б. Экономика тийкарлары. (Өзбекшеден аўдарма). Нөкис Билим 2007-ж.

Сейтимбетов Қ.

Мадиреимов А.

Назарбаев О., Ережепова Б., Қалмуратов Б. Исбилерменлик тийкарлары. Нөкис Қарақалпақстан 2011.110 бет

Шарипов Р.Ш. Ижтимоий ва иқтисодий кафолатлар.-Т.: «Ўзбекистон» 1991.7-8-б.

Утемуратова Г., Срашов Р. Регионды социаллық-экономикалық раўажландырыўда шаңарақлық исбилемренликтитиң әҳмийети

Болтабоев М., Отажонов Ш. Кичик бизнес ривожланишида оилавий тадбиркорликнинг ўрни

Адилчаев Б. Орынларда шаңарақлық исбилерменликти жетилистириў дәўир талабы

Адильчаев Р.Т., Абишов М.С. Атакулов Р. Аўыл-хожалығы тараўында шаңарақ кәрханаларын раўажландырыў жоллары. Нөкис 2012.